

Nòm Disiplin

ak Mezi Pou Entèvni Onivo Tout Vil la

*Kòd Disiplin & Deklarasyon
Dwa ak Responsablite Elèv,
Jadendanfan Jiska Klas
12yèm Ane*

NYC

Department of
Education

Joell Klein
Chancellor

Efektif Septanm 2009



Joel I. Klein
Chanselye

Kathleen Grimm
Chanselye adjwen
Enfrastrikti ak Planifikasyon

Santiago Taveras
Chanselye adjwen pwovizwa
Divizyon Ansèyman ak Aprantisaj

Elayna Konstan
Konsechè anchè
Biwo pou Devlopman lekòl ak
fòmasyon jennmoun

Se Biwo pou Piblikasyon dokiman sou Enstriksyon ki pibliye
Nòm disiplin ak Mezi pou entèvni onivo tout vil la (KÒD DISIPLIN & DEKLARASYON DWA AK RESPONSABLITE
ELÈV, JADENDANFAN JISKA KLAS 12YÈM ANE)
Christopher Sgarro, se Direktè Biwo a
Tobey Hartman fè fòm ak desen grafik dokiman sa a

NÒM DISIPLIN AK MEZI POU ENTÈVNI ONIVO TOUT VIL LA

Depatman Edikasyon vil Nouyòk *New York City Department of Education* (NYCDOE) pran angajman garanti anviwònman lekòl nou yo sennesòf e disipline pou ofri chak jou ansèyman pou elèv aprann. Elèv yo, anplwaye lekòl ak paran yo dwe demontre respè youn pou lòt pou kreye yon anviwònman sennesòf e ankourajan. Nou enkli nan dokiman sa a dokiman ki rele Deklarasyon Dwa ak responsablite elèv *Student Bill of Rights and Responsibilities* ki ankouraje elèv yo pran responsablite yo, e yon anviwònman kote yo trete moun avèk diyite e respè. Se pou sa nou tabli règleman sa yo pou ede elèv yo alòke y ap fè efò pou vin sitwayen aktif nan yon sosyete ki fèt ak moun ki soti nan divès peyi.

NÒM OFISYÈL SOU KONPÒTMAN: RESPONSABLITE AK ÈD

Tout manm kominote lekòl la – elèv yo, anplwaye nan lekòl la ak paran yo – fèt pou konnen e konprann nòm ofisyèl sou konpòtman tout elèv oblije respekte, ak konsekans k ap genyen lè yo pa respekte yo. Nòm disiplin ak mezi pou entèvni onivo tout vil la (Kòd disiplin la) bay yon deskripsyon total sou konpòtman ki pa akseptab, tankou ensidan ki gen pou wè ak dwòg oswa zam. Li gen ladan l tou yon seri mezi disiplinè ak mezi entèvansyon yo ka pran lè elèv yo gen konpòtman sa yo, ak yon seri konsèy pou entèvni lekòl yo kapab itilize pou konsidere konpòtman elèv. Yo aplike Kòd la pou tout elèv, pou elèv ki gen andikap tou. Elèv andikape gen lòt pwoteksyon sou jan yo trete yo dapre sa ki nan Regilasyon A-443 Chanselye a.

Alòke Kòd disiplin lan ap ofri yon seri mezi disiplin akseptab, li garanti tretman egal ego pou tout elèv, epi li pèmèt yon direktè ak Direktè anchèf Biwo pou Devlopman lekòl ak fòmasyon jennmoun, oswa yon moun Chanselye a oswa *Superintendent* kominotè a deziyen, itilize pridans ak jijman li nan domèn edikasyon. Direktè yo, pwofesè yo, anplwaye lekòl yo, elèv ak paran yo fèt pou konnen mezi disiplin yo ka pran lè nenpòt elèv konpòte l mal oswa anpeche yon klas travay. Yo enkli ladan l tou mezi entèvansyon pou bay elèv konsèy paske yo ka gen pwoblèm pi serye ki fè yo mal konpòte yo, oswa vyole Kòd disiplin lan. Kidonk, li enpòtan pou pèsònèl lekòl la fè atansyon a pwoblèm ki kapab afekte konpòtman elèv yo, pou yo aji yon fason ki plis koresponn ak bezwen elèv yo.

Yo adapte nòm ki tabli nan Kòd disiplin lan ak konpòtman nan lekòl pandan lè lekòl, anvan ak apre lekòl, lè elèv sou pwopriyete lekòl, lè y ap deplase nan machin Depatman Edikasyon *Department of Education* (DOE), nan tout aktivite lekòl patwone ak sou pwopriyete ki pa pwopriyete lekòl lè yo ka pwouve konpòtman sa a gen move konsekans sou pwosesis edikasyon, oswa lè l mete andanje sante, sekirite, moral, oswa byennèt kominote lekòl la. Lè konpòtman an gen pou wè ak jan elèv la konpòte lè l ap kominike, lè l ap fè jès oswa lè l ap eksprime l, yo aplike enfraksyon an a kominikasyon oral, ekri oswa elektwonik.

Se responsablite pèsònèl lekòl la pou fè elèv yo, anplwaye yo ak paran yo konnen enfòmasyon ki nan dokiman sa a.

FASON POU ANKOURAJE BON KONPÒTMAN ELÈV

N ap atann pou chak lekòl ankouraje yon anviwònman pozitif nan lekòl, epi pran abitud ofri elèv yon anviwònman ankourajan kote pou yo devlope e onivo akademik e onivo sosyal. N ap atann pou lekòl yo ofri elèv pakèt sipò pou yo gen bon konpòtman, epi bay yo opòtinite favorab pou aprantisaj sikososal, yon fason pou ankouraje konpòtman pwososal ka elèv yo pou yo jwe yon wòl ki gen enpak sou evènman k ap rive alavni. Bonjan aprantisaj sikososal ede elèv devlope ladrès esansyèl pou vi yo pwofitab, paegzanp: rekonèt ak jere emosyon, devlope atansyon ak enkyetid pou lèzòt, tabli relasyon pozitif, pran desizyon moun ki aksepte responsablite, epi regle ak anpil moral sitiasyon difisil. Tip ladrès sa yo ede anpeche move konpòtman ak pinisyon yo oblije bay poutèt elèv pa respekte nòm konpòtman ki tabli yo. Patisipasyon elèv bon tou pou kreye yon anviwònman ak yon konsepsyon pozitif lekòl ki byen ankouraje siksè akademik elèv yo ak fòmasyon sikososal yo. Lè yo ofri elèv anpil opòtinite pou patisipe nan pakèt aktivite ki gen enpak sou bagay k ap rive alavni pandan y ap gen kontak avèk adilt k ap ankouraje yo e k ap soutni yo, sa diminye chans pou yo gen move konpòtman. Nou ka site kòm egzanp : bay elèv opòtinite reyèl pou pataje lide ak enkyetid yo, epi pou patisipe nan aktivite k ap fèt nan tout lekòl la, devlope kapasite lidè ka elèv yo, rekonèt detanzantan siksè elèv yo nan pakèt domèn akademik ak lòt domèn k ap mache ak pwogram lekòl. pran opinyon lòt moun pou pran yon seri mezi, epi devlope sistèm onivo tout lekòl la pou bon konpòtman. Opòtinite sa yo ansanm ak yon pwogram konplè oryantasyon pou prevansyon ak entèvansyon bay elèv yo eksperyans, estrateji ak ladrès, epi bay yo sipò yo bezwen pou briye nan lavi a.

PREVANSYON AK ENTÈVANSYON

Pèsonèl lekòl yo gen responsablite devlope metòd, epi itilize yo pou ankouraje elèv aprann pi plis, epi konsidere konpòtman ki gen enfliyans pozitif sou pwosesis edikasyon an. Yo gen responsablite tou pou konsidere konpòtman ki anpeche aprantisaj. Yo atann ke administratè, pwofesè, konseye pedagogik ak lòt anplwaye lekòl yo fè elèv yo, elèv ki gen andikap tou, patisipe nan estrateji prevansyon ak entèvansyon ki konsidere pwoblèm konpòtman yon elèv, epi diskite estrateji sa yo ak elèv la ansanm ak paran l. Metòd pou entèvni e pou prevni pwoblèm sa yo ka konprann sèvis ak èd yon konseye pedagogik pou abòde pwoblèm famiyal e pèsonèl; eksperyans emosyonèl e sosyal, pa egzanp negosyasyon yo ka fè pou rezoud dispit e pou regle kont li genyen ak konpay li yo, fason pou kontwole kòlè li e pou posede aptitud pou pale ak moun; aplikasyon yon diferan metòd oubyen yon diferan materyèl ansèyman oswa toude detanzantan anmenmtan e metòd e materyèl; sèvis *enrichment*; ak plasman nan yon diferan klas, mizanplas oswa revizyon evalyasyon konpòtman li onivo fonksyonèl ak plan pou entèvni onivo konpòtman li ke yo dwe revize kòm yon estrateji pou entèvni atan. Si nenpòt ki moman, anplwaye lekòl yo sispèk difikilte yon elèv ka rezilta yon andikap ki ta bezwen sèvis edikasyon espesyal, yo dwe voye elèv sa san pèditan ba Komite pou edikasyon espesyal *Committee on Special Education* (CSE). Lè pèsonèl lekòl yo itilize estrateji entèvansyon ak prevansyon ki entegre elèv yo e fè yo pran konsyans yo konte anpil nan lavi a, yo pèmèt kwasans sosyo-emosyonèl e akademik elèv yo, epi ede yo swiv pwosedi ak règleman lekòl yo.

PARAN YO AN TAN PATNÈ

Elèv yo, paran yo, epi anplwaye nan lekòl yo, tout genyen yon wòl pou jwe pou lekòl yo vin plis sennesòf, epi oblije yo kopere youn ak lòt pou atenn objektif sa a. Anplwaye nan lekòl la dwe enfòme paran yo sou konpòtman pitit yo, epi konsidere paran yo kòm patnè yo lè y ap diskite pwoblèm ki bay yo enkyetid. Nou ka telefone oswa voye yon biyè pou bay paran yo enfòmasyon, men se pa sèl mwayen nou ka itilize. Kòm moun k ap sèvi egzanp pou elèv yo swiv, paran yo ak anplwaye lekòl yo dwe konpòte yo jan yo ta renmen elèv yo konpòte yo. Pou asire paran yo vin kolaboratè aktif k ap ede kreye yon anviwònman lekòl san danje e ankourajan, paran yo dwe aprann Kòd Disiplin lan. Pwofesè yo dwe enfòme paran yo sou konpòtman pitit yo, epi devlope talan elèv yo bezwen pou reyisi nan lekòl ak nan sosyete a. Nou ankouraje paran yo pou yo pale avèk pwofesè pitit yo ak lòt anplwaye lekòl la sou pwoblèm ki ka afekte konpòtman pitit yo. Li enpòtan pou gen pi plis

kontak ak kominikasyon ant lekòl la ak lakay elèv la. Mwayen ki pibon pou ankouraje patisipasyon paran yo, se fè reyinyon pou bay konsèy ant direktè a oswa ak yon moun direktè a deziyen, yon konseye pedagogik, paran elèv la, epi youn oswa plizyè pwofesè elèv la. Reyinyon sa yo dwe fèt ak elèv la tou, lè li nesèsè. Paran ki vle pale sou entèkansyon konseye pedagogik la aprè konpòtman elèv la sipoze kontakte lekòl pitit yo a, ladan Koòdonatè paran an, oubyen si l nesèsè biwo angajman fanmi ak asistans.

REMAK : Direktè a oswa yon moun direktè a deziyen dwe fè paran yo konnen tout enfrazsyon elèv la komèt. Lè yo kwè yon elèv komèt yon krim, yo dwe rele lapolis epi kontakte paran yo (al gade Règleman Chanselye A-412).

PREZANS

Pèsonèl lekòl la dwe asire li pran pou elèv ki gen pwoblèm absans nan lekòl la souvan san bay eskiz oswa ki sanble ap neglije edikasyon li, mezi entèkansyon pou ede yo, epi kontakte moun li dwe kontakte. Nan ka elèv ki absan souvan yo, pèsonèl lekòl la dwe fè yon reyinyon ak elèv la anvan ak paran elèv la pou deside mezi y ap pran pou ede elèv la ki dwe enkli : entèkansyon pou fè l wè yon konseye pedagogik, referans ba sèvis pou bay konsèy, referans pou pwogram apre lekòl, petisyon nan Tribinal ki okipe zafè fanmi pou moun ki bezwen sipèvizyon *Person in Need of Supervision* (PINS) ak nan Administrasyon pou sèvis timoun *Administration for Children's Services* (ACS). Yo kapab konsidere lòt kalite entèkansyon tou. Komite ki okipe kesyon prezans ak absans elèv yo oswa komite pèsonèl pou elèv yo dwe revize ka absans yo, epi dwe fè pwofesè ki okipe kesyon prezans ak absans, prefè disiplin, konseye pedagogik, pwofesè, asistan sosyal ak lòt anplwaye lekòl la ede chèche yon solisyon ki pou pèmèt rezoud pwoblèm absans kontinyèl elèv la. Yo dwe fè yon deklarasyon nan Rejis santral Leta Nouyòk *New York State Central Register* lè yo sispèk yon elèv viktim abi dapre Seksyon 1.5, Règleman Chanselye A-750.

ENFRAKSYON AK KALITE MEZI DISIPLINÈ NOU KA PRAN

Anplwaye lekòl yo dwe fouye nan Kòd Disiplin lan pou detèmine ki kalite mezi disiplinè pou yo pran. **Lè yo fin konsilte Kòd disiplin lan, anvan yo detèmine ki mezi disiplinè pou yo pran, oubyen kijan pou yo entèvni, yo dwe konsidere faktè sila yo :** laj elèv la, degre matirite li, dènye dosye disiplin li (ansanm ak kalite move konpòtman li te deja genyen, kantite fwa li te gen move konpòtman anvan, e ki mezi disiplinè yo te pran chak fwa); epi nan ki sikonstans ensidan ki antrene pinisyon an te pase; ak Pwojè akademik pèsonèl *Individualized Education Plan* (IEP) elèv la, Pwojè pou entèvni onivo konpòtman *Behavior Intervention Plan* (BIP), ak Seksyon 504 Plan pou akomodasyon (*504 Accommodation Plan*), si l aplikab.

Lis enfrazsyon nou site a pa konplè. Pwofesè, direktè, Direktè anchèf Biwo pou Devlopman lekòl ak fòmasyon jennmoun oswa yon moun Chanselye a deziyen oswa *Superintendent* kominotè a ap pran mezi disiplinè ki apwopriye selon règleman lekòl elèv ki gen move konpòtman an vyole ke yo pa konsidere nan Kòd la. Pou pèmèt anplwaye yo, elèv yo epi paran yo konnen tout nòm konpòtman elèv yo dwe swiv, yo dwe prezante règ lekòl yo alekri, epi distribye yo anvan ak Kòd Disiplin lan.

Yo paka mete yon yon elèv deyò nan salklas la ak/oubyen ranvwaye l nan lekòl la eksepte si yo suiv tout prosedi ki nan Regilasyon A-443 Chanselye a sou fason yon pwofesè ka mete yon elèv deyò nan klas li ak sou fason yon direktè, yon sipèentandan ka ranvwaye yon elèv nan lekòl la.

NIVO ENFRAKSYON

Nòm disiplin onivo tout vil la fè elèv yo pran responsablite pou jan yo konpòte yo. Pou chak kategori enfraksyon gen yon seri mezi disiplinè yon pwofesè, direktè, Direktè anchèf Biwo pou Devlòman lekòl ak Fòmasyon jennmoun oswa yon moun Chanselye a deziyen oswa *Superintendent* kominotè a kapab aplike yon pi piti mezi jiska yon mezi pi sevè dapre sa elèv la fè. Yo gwoupe enfraksyon yo an senk (5) kategori, depi konpòtman dezobeyisan jiska konpòtman danjre oswa vyolan, epi yo endike yon seri sanksyon yo ka pran ki koresponn ak yo. Nenpòt kilè l posib, epi lè l nesèsè, yo dwe kòmanse aplike sanksyon pi fèb yo. Yo distenge ant kategori konpòtman pou klas jadendanfan rive nan klas 5yèm ane ak pou klas 6yèm ane rive klas 12yèm ane pou konsidere laj ak matirite elèv la. Genyen yon seri enfraksyon yo paka aplike pou elèv nan klas jadendanfan rive nan klas 3yèm ane. Kòd disiplin lan ofri mezi disiplinè yo ajiste ofiyamezi pou elèv k ap konpòte yo mal regilyèman malgre yo te bay yo anvan pinisyon apwopriye. Y ap bay elèv sa yo ki konpòte yo mal touttan pinisyon pi sevè. Anvan anplwaye lekòl yo bay kalite pinisyon sa yo, lè l posib epi si l nesèsè, yo dwe itilize sanksyon mwen sevè yo.

ENTÈVANSYON KONSEYE PEDAGOJIK

Pou ankouraje konpòtman pozitif, lekòl yo ofri yon seri estrateji pou entèvni e pou anpeche kèk pwoblèm rive, ak sèvis pou ede tout elèv pandan lekòl oswa apre lekòl oubyen e pandan e apre lekòl pandan tout ane eskolè a. Lè yon elèv gen move konpòtman, anplis seri mezi yo pran lè yon elèv komèt enfraksyon, Kòd disiplin lan ofri yon lis enkonplè mezi konseye pedagogik la dwe konsidere pou entèvni fasa kalite konpòtman elèv la genyen. Pèsonèl lekòl la dwe itilize sèvis entèvansyon konseye pedagogik la kòm yon mezi disiplinè konplè, epi li dwe ofri elèv yo sèvis entèvansyon konseye pedagogik la nan tout etap pwosesis disiplinè a, menm pandan peryòd yo ranvwaye yo pou yon bon bout tan. Mezi konseye pedagogik pran pou entèvni ka sèvi kòm yon zouti pou amelyore konpòtman elèv, epi kreye yon anviwònman lekòl pi pozitif lè yo itilize yo touttan e lè l apwopriye.

Yo dwe ofri elèv yo ranvwaye yo sèvis èd pou ogmante posiblite yo pou satisfè nòm ofisyèl yo onivo akademik e onivo sosyal nan kominote lekòl la. Sèvis èd yo ka enkli yon seri mezi entèvansyon konseye pedagogik la ofri oswa tout sèvis ki adapte pi byen a bezwen chak elèv.

Nou bay yon lis mezi entèvansyon konseye pedagogik la ka ofri nan chak paj akote mezi disiplinè yo, epi nou bay plis esplikasyon sou yo piba a.

KALITE MEZI ENTÈVANSYON KONSEYE PEDAGOJIK LA ITILIZE

- **Kontak ak paran** : Anplwaye lekòl la dwe enfòmè paran yo antank patnè sou konpòtman pitit yo epi diskite avèk yo tout pwoblèm ki bay yo enkyetid. Nou ka telefone oswa voye yon biyè ba paran yo pou bay yo enfòmasyon, men nou ka itilize lòt mwayen tou.
- **Mezi ke anplwaye lekòl ki la pou bay konsèy yo itilize pou fè entèvansyon** : Lè l posib, anplwaye ki bay konsèy nan lekòl kapab entèvni nan ka elèv ki bezwen lòt sipò. Yo ka ofri sèvis entèvansyon sila yo pou yon ti bouttan : konsiltasyon ak evalyasyon, metòd pou detekte pwoblèm, mezi pou entèvni lè elèv la gen anpil pwoblèm, referans pou pwogram kominote a ofri epi patisipasyon nan pwogram sa yo.
- **Reyinyon avèk konseye pedagogik** : Direktè yo ak pwofesè yo ka mande yon konseye pedagogik fè yon reyinyon ak elèv la, epi lè li nesèsè, ak paran oswa gadyen legal elèv la. Objektif reyinyon an se egzamine konpòtman elèv la, chèche solisyon pwoblèm lan epi konsidere pwoblèm elèv la genyen onivo akademik, pèsonèl e sosyal ki lakòz oswa antrene konpòtman an.
- **Konsèy pou yon sèl moun oswa pou yon gwoup** : Sèvis konsèy la ofri elèv yo yon mwayen pou fè lòt moun konnen anprive enfòmasyon ki ka gen yon enflyans negatif sou prezans yo, konpòtman yo ak siksè akademik yo. Elèv yo deklare e fikse objektif yo, epi aprann teknik pou rezoud pwoblèm k ap pèmèt yo venk tout kalite difikilte pèsonèl yo genyen. Konseye yo ap fè reyinyon ak paran yo regilyèman pou

diskite pwogrè akademik e pèsònèl elèv la.

- **Mediyasyon ant elèv yo :** Mediyasyon elèv fè ant elèv parèy yo ede elèv ki nan menm klas detèmine pwoblèm ki lakòz konpòtman yo, epi jwenn solisyon pou pwoblèm sa yo. Yo mete nan estrateji yo aptitud pou rezoud dispit ke elèv k ap fè mediyasyon ant elèv parèy yo itilize pou tout elèv k ap patisipe yo aprann nouvo teknik pou rezoud dispit.
- **Pwogram *Mentoring* :** Yon pwogram *mentoring* se yon pwogram kote yo mete yon *mentor* ki kapab yon konseye pedagojik, yon pwofesè, yon elèv oswa yon *leader* ansanm ak yon elèv yo konsidere kòm yon pwoteje. Objektif relasyon sa a se fòme elèv sa a “moun y ap pwoteje a” onivo pèsònèl, onivo akademik e onivo sosyal.
- **Rezolisyon konfli :** Rezolisyon konfli pèmèt elèv yo pran responsablite pou rezoud dispit yon fason pèzib. Aktivite ki gen pou wè ak rezolisyon konfli yo anseye elèv yo, paran yo, ak anplwaye lekòl, teknik ak ladrès yo ka itilize nan yon seri sitiyasyon toulèjou. Kalite aptitud sa yo, men se pa sèlman sa yo, kapab enkli fason pou yo kontwole tèt yo lè yo ankòlè e pou rezoud dispit, jan pou yo aprann koute lè moun ap pale avèk yo *active listening*, ak aptitud pou yo konn pale byen avèk moun.
- **Mizanplas Kontra sou konpòtman endividyèl :** Elèv yo fè reyinyon avèk pwofesè yo pou mete anplas yon kontra alekri ki fikse objektif ak efò espesifik elèv la dwe fè pou atenn objektif sa yo. Elèv la ak pwofesè a siyen kontra a, e lè l apwopriye, paran oswa gadyen legal la siyen l.
- **Rapò sou amelyorasyon konpòtman sou yon ti bout tan :** Pwofesè yo oswa direktè lekòl yo kapab voye regilyèman yon rapò sou pwogrè elèv la fè onivo konpòtman l jiskaske yo kwè l ap konpòte l byen epi l ap travay byen nan klas li.
- **Referans ba Komite Pèsònèl pou elèv *Pupil Personnel Team (PPT)* :** PPT yo se komite ki tabli nan yon lekòl, ki itilize yon metòd miltidisyèl pou ankouraje siksè elèv grasa prevansyon ak teknik entèvansyon ak sèvis pou ede yo. Yo gen yon moun anchaj dosye referans chak elèv pou pèmèt tabli yon plan endividyèl pou ede elèv yo venk difikilte yo genyen onivo akademik oswa onivo sosyo emosyonèl.
- **Sèvis kominotè (avèk konsantman paran) :** Elèv yo ka gen opòtinite fè sèvis kominotè pou yo ka vin apresye pi plis vwazinaj lekòl yo, epi ranfòse konesans k ap pèmèt yo vin reprezante moun k ap fè chanjman pozitif nan sosyete a. Sèvis kominotè kapab ede elèv yo pran tan yo pou patisipe nan aktivite itil, evite konpòte yo mal, epi reyalize ke yo fè yon aksyon valab lè yo rann lòt moun sèvis.
- **Referans ba yon òganizasyon ki chita nan kominote a *Community Based Organization (CBO)* :** Yo ka refere elèv yo ba yon òganizasyon ki chita nan yon kominote pou yon seri sèvis tankou pwogram apre lekòl, pou resevwa konsèy endividyèl oswa angwoup, pwogram pou aprann kòman pou aprann kalite *leadership*, rezolisyon dispit ak leson patikilye.
- **Referans ba anplwaye Biwo ki bay konsèy apwopriye pou moun k ap itilize dwòg :** Lè yon elèv gen pwoblèm ki gen pou wè ak lizaj dwòg, pa egzanp pote sou li oswa vann dwòg ilegal, asòtiman zouti pou dwòg, ak alkòl oubyen dwòg ak alkòl ansanm, yo dwe bay elèv la referans pou sèvis konsèy yo ofri swa nan lekòl la swa nan yon òganizasyon kominotè.
- **Referans pou sèvis yon konseye pou jenn ki te gen yon relasyon kote yo abize l oswa pou jenn ki sibi vyolans seksyèl:** lè yon moun pran abitud menase menaj li oswa bat menaj li, oubyen fè l abi seksyèl oswa fè l bagay pou fè l soufri pou li rive kontwole l, lekòl la dwe refere ni viktim lan ni elèv ki gen konpòtman sa a ba yon diferan ajans lekòl la oubyen ajans ki baze nan kominote a pou konseye yo, ba yo sipò, epi pou redrese yo. Ni fè mediyasyon, ni chèche rezoud konfli a pa reprezante yon bon fason pou entèveni lè yo sispèk gen yon moun k ap abize yon lòt moun ki gen yon relasyon avèk li.
- **Referans pou sèvis yon konseye pou maltretman, entimidasyon oubyen arasman ki baze sou prejije:** Lè yon elèv oubyen yon gwoup elèv pran abitud pou kesyon prejije, toupizi, entimide, arase yon lòt elèv oubyen yon lòt gwoup elèv, yo dwe refere ni viktim ni elèv ki gen

konpòtman sa yo separeman ba ajans lekòl la oubyen ajans ki baze nan kominote a pou konseye yo, ba yo sipò, epi pou redrese yo. Ni fè mediyasyon, ni chèche rezoud konfli a pa yon mwayen pou entèvni lè gen maltretman, entimidasyon ak arasman baze sou prejije.

PWOSEDI DISIPLIN

Tout sa yo make nan dosye elèv la dwe fèt ann akò ak Règleman A-820 Chanselye a. Lè y ap ranvwaye oswa mete yon elèv deyò nan yon klas, yo dwe genyen rezon solid epi swiv yon pwosedi ki ann akò ak Règleman Chanselye a, Lwa Leta sou Edikasyon epi Lwa federal yo. (Remak : Kòd Disiplin pou elèv yo itilize pandan ete a pa menm ak Kòd Disiplin yo itilize pandan ane lekòl la, epi yo pibliye yo apa.)

DEMANN POU REPANSE DESIZYON (APÈL)

Dapre Règleman A-443 Chanselye a, yo ka mande Direktè anchèf Biwo pou Devlopman lekòl ak Fòmasyon jennmoun oswa yon lòt moun Chanselye a deziyen repanse desizyon yon direktè pran pou ranvwaye yon elèv, epi yo ka mande Chanselye a pou repanse ranvwa yon Direktè anchèf Biwo pou Devlopman lekòl ak Fòmasyon jennmoun (tankou ranvwa Direktè anchèf Biwo pou Devlopman lekòl ak Fòmasyon jennmoun oswa yon lòt moun Chanselye a deziyen oswa *Superintendent* kominotè a deside).

RÈGLEMAN CHANSELYE

Ou ka jwenn tout Règleman Chanseye yo nan <http://schools.nyc.gov/RulesPolicies/ChancellorsRegulations/default.htm>

Direktè anchèf Biwo pou Devlopman lekòl ak Fòmasyon jennmoun oswa yon lòt moun Chanselye a deziyen kapab ranvwaye elèv pou plis pase 5 jou nan tout lekòl, *Superintendent* kominotè a kapab ranvwaye elèv nan tout lekòl primè ak presegondè. Pou pèmèt ou chèche nan dokiman sa a enfòmasyon ou bezwen pi fasilman, nou ekri “ranvwa *Superintendent*” nan tout dokiman sa a pou endike e ranvwa Direktè anchèf Biwo pou Devlopman lekòl ak Fòmasyon jennmoun oswa ranvwa lòt moun Chanselye a deziyen deside, e ranvwa *Superintendent* kominotè a deside.

Depatman Edikasyon vil Nouyòk

LALWA SOU DWA AK RESKONSABLITE ELÈV, APATI JADENDANFAN RIVE KLAS 12yèm ANE

PREFAS

Lekòl leta nan vil Nouyòk yo vize fè elèv, paran ak anplwaye lekòl gen respè youn pou lòt pou byennèt yo tout. Lekòl leta nan vil Nouyòk yo vize tou fè elèv yo patisipe nan aktivite ak pwogram nan kominote lekòl la ak andeyò lekòl la, pou l sa ranfòse angajman yo pou pran reskonsablite sivik ak pou rann sèvis kominotè. Koperasyon tout manm nan kominote lekòl la pral asire tout elèv gen yon pi bon eksperyans aprantisaj e yon pi bon edikasyon. Dokiman sa a pral sèvi kòm yon gid pou elèv pandan y ap debat pou vin sitwayen aktif nan yon sosyete ki fèt ak moun ki soti nan divès peyi.

I. DWA POU RESEVWA YON EDIKASYON GRATIS NAN LEKÒL LETA

Alòske lekòl leta yo ap sèvi elèv plizyè gwoup laj ki ka gen diferan dwa selon nivo matirite yo, dwa pou resevwa yon edikasyon gratis nan yon lekòl leta se “dwa fondalnatal yon elèv” ki garanti pou tout timoun.

Elèv yo gen dwa :

1. ale lekòl pou yo anseye yo gratis nan yon lekòl leta, apati Jadendanfan jiskaske yo gen laj 21 lane oswa resevwa yon diplòm lekòl segondè, kèlkeswa sa ki rive anvan, dapre jan lalwa garanti l; elèv yo detèminen ki se moun k ap aprann lang angle *English Language Learner* (ELL) gen dwa resevwa yon edikasyon bileng oswa swiv pwogram angle kòm dezyèm lang *English as a Second Language* (ESL) jan lalwa garanti l; elèv ki gen andikap yo detèminen ki gen bezwen pou swiv klas edikasyon espesyal, gen dwa pou resevwa edikasyon gratis apwopriye nan lekòl leta depi yo gen laj 3 lane jiskaske yo vin gen 21 lane, selon lalwa;
2. viv nan yon anviwònman aprantisaj san danje, san diskriminasyon, san arasman, san pasay nan rizib ak san prejije, epi pou pote plent si yo santi y ap sibi kalite ajisman sa yo (al gade Règleman Chanselye *Chancellor’s Regulations* (CR) A-830, A-831 ak A-832);
3. gen lòt moun trete yo ak koutwazi e respè kèlkeswa laj yo ye oubyen laj yo sanble yo ye, ras, kwayans, koulè, sèks, idantite seksyèl, ekspresyon seksyèl, relijyon, peyi kote yo soti, sitwayen ki peyi yo ye/si yo gen papye ou non, oryantasyon seksyèl, kondisyon fizik ak/oubyen emosyonèl, andikap, eta sivil ak kwayans politik yo;
4. resevwa yon kopi Règleman ak Pwosedi lekòl la, ansanm ak Kòd Disiplin la ak Deklarasyon Dwa ak Responsablite elèv NYCDOE, nan kòmansman ane eskolè a oswa lè yo admèt yo nan lekòl la pandan ane eskolè a;
5. gen enfòmasyon sou kondisyon yo egzije pou resevwa diplòm, pa egzanp kou, egzamen ak enfòmasyon sou jan yo k ap ede yo satisfè kondisyon sa yo;

6. gen enfòmasyon osijè tès lasante yo egzije yo fè, egzamen pou evalyasyon entelektyèl ak konesans lengwistik;
7. gen enfòmasyon osijè kou ak pwogram ki disponib nan lekòl la, ak posiblite pou bay opinyon yo sou kou ochwa yo vle chwazi;
8. resevwa fòmasyon pwofesyonèl;
9. konnen kritè yo itilize pou bay nòt pou chak matyè oubyen pou kou lekòl la ofri, epi pou yo bay yo nòt pou devwa lekòl yo fè yo dapre kritè detèmine;
10. gen enfòmasyon osijè pwogrè y ap fè nan domèn edikasyon, epi pou yo evalye yo san fòmalitye detanzantan e fòmèlman nan rapò sou pwogrè;
11. fè yo konnen bonè posiblite ki genyen pou yo double klas, oswa pou yo pa pase yon matyè;
12. fè yo konnen dwa yo genyen pou mande repanse desizyon moun pran pou fè yo double klas, oswa pou kou yo pa fè mwayèn yo;
13. gen aksè a dosye edikasyon yo lè yo mande gade l, si yo nan lekòl segondè (yo toujou bay paran oswa granmoun ki se yon paran elèv la, ak elèv ki kalifye dwa pou yo revize dosye yo);
14. konfidansyalite nan jesyon dosye elèv yo, ki nan sistèm lekòl la;
15. fè paran yo mande, refize bay enstitisyon k ap ofri aprantisay onivo siperyè ak moun k ap rekrute militè, enfòmasyon pou kontakte yo;
16. benefisyè konsèy, oryantasyon ak sijesyon pou devlopman pèsònèl, sosyal, edikatif, pwofesyonèl e pou chwazi yon metye.

II. DWA POU MOUN VIV AK PALE LIB

Tout elèv gen dwa bay opinyon yo, sipòte kòz yo vle, òganize epi rasanble pou pale de pwoblèm yo, epi manifeste an pè pou kore yon kòz, selon pwosedi ak règleman NYCDOE mete anplas.

Elèv yo gen dwa :

1. òganize, pwomouvwa epi patisipe nan yon kalite gouvènman ki reprezante elèv yo;
2. òganize, pwomouvwa epi patisipe nan òganizasyon elèv, *club* oswa gwoup sosyal, edikatif ak politik, nan gwoup relijye ak filozofik ki respekte obligasyon Lwa pou Tout moun gen menm dwa *Equal Access Act*;
3. pou reprezante yo nan komite tout lekòl yo ki gen enflyans sou pwosesis edikatif, avèk dwa pou vote lè l aplikab;
4. pibliye jounal lekòl ak bilten lekòl ki endike kouman lekòl la fonksyone, epi ki pale de pwoblèm ak opinyon elèv yo selon metòd jounalis responsab, epi ki aplike règleman rezonab ki baze sou enterè pedagogik nòmral;
5. pibliye jounal, *prospectus* oswa fèy papye sou politik nan teritwa lekòl la, selon règleman rezonab lekòl la tabli osijè lè, kote, ak jan pou yo distribiye yo, eksepte si materyèl sa yo denigre moun, fèt ak mo sal, lè yo itilize yo pou fè reklam oswa lè yo deranje lekòl la anpratik, lakòz anpil dezòd oswa abize dwa lòt moun;

6. Epengle sou rad yo bwòch ki endike chwa politik yo oswa lòt kalite bwòch, ensiy oswa brasa esepite lè materyèl sa yo denigre moun, fèt ak mo sal, oswa lè yo itilize yo pou fè reklam oswa lè yo deranje lekòl la anpratik, lakòz pakèt dezòd oswa abize dwa lòt moun;
7. afiche avi sou tablo pou afiche anons nan lekòl la, selon règleman rezonab lekòl la mete anplas, esepite lè avi sa yo denigre moun, fèt ak mo sal, se reklam oswa deranje lekòl la anpratik, lakòz anpil dezòd oswa abize dwa lòt moun;
8. gen sekirite pou tèt yo, papye yo ak zafè pèsònèl yo, epi pote nan *building* lekòl la bagay konvnab pou sèvi nan lokal lekòl la;
9. gen sekirite pou tèt yo, papye yo ak zafè pèsònèl yo, epi pote nan *building* lekòl la bagay konvnab pou sèvi nan lokal lekòl la;
10. pou yo pa fouye yo san kòz oswa poutèt prejije, pa egzant pou yo pa fouye kò yo;
11. pou lòt moun pa bat yo (dapre Règleman A-420 & A-421 Chanselye a);
12. refize di Sèman fidelite a drapo oswa kanpe pou salye drapo.

III. DWA CHAK ELÈV GENYEN POU YO TRETE L MENM JAN AK TOUT LÒT ELÈV
Chak elèv gen dwa pou yo trete l san patipri selon dwa ki tabli nan dokiman sa a.

Elèv yo gen dwa pou :

1. yo bay yo Kòd Disiplin lan ak Pwosedi e Règleman lekòl la;
2. konnen ki konpòtman ki apwopriye e ki konpòtman ki ka kòz yo bay yo pinisyon;
3. anplwaye pwofesyonèl pou bay yo konsèy sou koze ki gen pou wè ak konpòtman yo etandone li afekte edikasyon yo ak byennèt yo nan lekòl la;
4. konnen dispozisyon yo ka pran, e ki konsekans enfraksyon espesifik sa yo ka mennen;
5. resevwa alè yon avi alekri osijè rezon yo pran mezi disiplinè sa yo kont yo;
6. gen dwa pou yo trete yo menm jan ak lòt lè moun gen pou pran mezi disiplinè kont yo poutèt yo pa respekte règleman lekòl yo e poutèt pwofesè yo ranvwaye yo oswa mete yo deyò nan klas;
7. konnen pwosedi pou mande repanse aksyon ak desizyon anplwaye lekòl yo pran pou respekte dwa ak responsablite yo jan yo tabli nan dokiman sa a;
8. vini avèk yon paran oswa yon granmoun ki se yon paran oswa yon reprezantan, nan chita tande ak reyinyon pou repanse yon desizyon;
9. gen anplwaye lekòl la prezan nan sitiyasyon kote lapolis ka patisipe;
10. konteste epi esplike alekri tout bagay yo make nan dosye elèv yo.

IV. RESKONSABLITE ELÈV

Sèl jan chak elèv ka respekte dwa ki tabli nan dokiman sa a, se pou li konpòte li kòm sadwa. Si elèv la pa aksepte kèk nan reskonsablite sa yo, jan li tabli nan Kòd Disiplin lan, sa ka fè yo bay li sanksyon. Lè elèv aksepte tout reskonsablite li genyen selon jan li itilize dwa li yo, li gen plis posiblite sèvi tèt li ak sosyete a.

Elèv gen responsablite :

1. ale lekòl regilyèman alè, epi fè tout efò pou travay byen nan tout domèn edikasyon;
2. pare pou klas ak tout bagay yo bezwen nan kou, epi kenbe liv yo ak lòt ekipman lekòl yo an bon kondisyon;
3. swiv règleman lekòl la lè y ap antre nan salklas, ak lè y ap kite salklas la ak *building* lekòl la;
4. ede kenbe anviwònman lekòl la san zam, san dwòg, san lòt sibstans ki pa legal ak san alkòl;
5. konpòte yon jan ki ede kenbe yon anviwònman aprantisaj sennesòf ki pa vyole dwa lòt elèv genyen pou aprann;
6. fè ofisyèl lekòl la yo konnen enfòmasyon yo genyen osijè sitiyasyon ki ta ka mete sante ak byennèt manm kominote lekòl la andanje;
7. respekte diyite ak dwa lòt moun egal ego, epi evite konpòtman ki pa respekte dwa lòt moun oswa abize dwa yo;
8. respekte pwopriyete lekòl la, epi zafè lèzòt, e prive e piblik;
9. pou yo janti, emab, epi gen respè pou lèzòt, kit laj yo ye oubyen laj yo sanale ye, ras, kwayans, koulè, sèks, idantite seksyèl, ekspresyon seksyèl, relijyon, peyi yo soti, sitwayen ki peyi yo ye/si yo gen papyè ou non, oryantasyon seksyèl, kondisyon fizik oubyen emosyonèl oswa toulede, andikap, eta sivil ak kwayans politik, epi evite ensilte moun pou tèt kritè sa yo;
10. konpòte yo byen janti, di laverite epi kopere avèk elèv, pwofesè ak lòt anplwaye lekòl la;
11. ankouraje bon relasyon ant moun, epi tabli yon relasyon konpreyansyon ant manm kominote lekòl la;
12. rezoud konfli yon fason ki pa mennen kont;
13. patisipe, epi vote nan eleksyon gouvènman ki reprezante elèv yo;
14. montre bon lidèchip alòke y ap fè gouvènman ki reprezante elèv yo tounen yon fowòm fòmèl pou ankouraje yo plis patisipe;
15. travay avèk anplwaye lekòl la pou devlope anpil lòt varyete pwogram andeyò pwogram lekòl la pou reprezante divès enterè ak bezwen fizik, sosyal ak kiltirèl elèv yo;
16. swiv kòd etik jounalis reskonsab;
17. evite pale, ekri betiz, di mo sal ak lòt mwayen k ap denigre moun lè y ap kominike ak kominote lekòl la;
18. konpòte yo yon fason pou ankouraje koperasyon, e ki pa kontrarye pwosesis edikasyon an;
19. rasanble san bwi san kont, epi respekte desizyon elèv ki pa vle mete avèk yo pou patisipe;

20. pote nan lekòl la sèlman zafè pèsonèl ki pa danjre, epi ki pa deranje anviwònman aprantisaj la;
21. swiv règleman yo mete anplas yo sou abiman ak aktivite ki fèt nan *gymnasium* lekòl la, nan kou edikasyon fizik, nan laboratwa ak nan ti boutik lekòl la;
22. konnen Kòd Disiplin lekòl la, epi swiv Pwosedè ak Règleman lekòl la;
23. montre lidèchip pou ankouraje lòt elèv yo swiv Pwosedè ak Règleman lekòl la mete anplas yo;
24. mete paran yo okouran sa k ap fèt nan lekòl la, pa egzanp pwogrè nan lekòl la, aktivite sosyal e edikatif yo, epi asire paran yo resevwa tout papye, lèt ak biyè anplwaye lekòl la ta bay yo pou remèt paran yo.

Jadendanfan-Klas 5yèm Ane NIVO 1

Enfraksyon - Konpòtman endisiplinè

- A01 Lè elèv absan lekòl san bay eskiz (A-D sèlman)
- A02 Lè elèv pa mete inifòm lekòl lè yo dwe mete l (valab sèlman pou elèv ki nan lekòl ki bay inifòm epi lè paran yo pa te mande yon eskiz pou yo pa te mete l) (A oubyen D sèlman oswa toulede)
- A03 Lè elèv anreta lekòl
- A04 Lè l pote ekipman oswa materyèl ke yo entèdi nan lekòl san otorizasyon (pa ekzanp, telefòn selilè, bipè, oswa lòt aparèy kominikasyon elektwonik, oswa aparèy pou moun amize)
- A05 Lè l pa chita nan plas ke yo bay li nan lekòl la
- A06 Lè l konpòte yon jan ki deranje pwosesis edikasyon (pa ekzanp, fè anpil bwi nan klas, nan bibliyotèk oswa nan koulwa)
- A07 Lè l pale mal oswa gen konpòtman derespektan
- A08 *Lè l mete abiman, bagay nan tèt (tankou kepi ak chapo), oswa lòt bagay ki danjre oswa ki deranje pwosesis edikasyon an
- A09 Lè l kole nan mi lekòl la oswa distribye papyè ki pa respekte règleman ekri DOE oubyen règleman lekòl yo oswa toude règleman yo
- A10 Lè l itilize òdinatè lekòl la, machin faks, telefòn oswa lòt ekipman elektwonik oswa aparèy san mande pèmision apwopriye

* Si w ta vle poze yon kesyon pou konnen si wi ou non rad oswa bando ki fèt ak mouchwa se ekspresyon yon relijyon, lekòl la dwe kontakte Direktè anchèf Biwo pou fòmasyon jennmoun.

Kalite mezi disiplinè yo ka pran

- A. Anplwaye pedagogik nan lekòl la ka sèmone elèv la
- B. Konferans elèv la avèk pwofesè
- C. Sipèvizè (tankou, asistan direktè, direktè) ka sèmone elèv la
- D. Konferans paran
- E. Piniyon nan lekòl la (tankou yo pa pèmèt elèv la patisipe nan lòt aktivite, rekreyasyon oswa dejene ansanm ak tout moun)
- F. Pwofesè a ka mete elèv la deyò nan klas la (apre nenpòt ki pwofesè mete yon elèv deyò nan nenpòt ki klas twa (3) fwa nan yon semès oswa de (2) fwa nan yon trimès, yo pral oblije fè direktè a ranvwaye elèv la si li konpòte l mal pou pwofesè ta gen pou mete li deyò ankò nan klas li a)

Kalite mezi konseye pedagogik la ka pran anplis pou entèvni, kòm sadwa apa mezi disiplinè yo,

- Kontakte paran pou bay yo enfòmasyon pou ede yo
- Entèvansyon anplwaye ki bay konsèy
- Reyinyon avèk konseye pedagogik
- Konsèy pou yon gwoup moun oswa pou yon sèl moun
- Mediyasyon ant elèv *Peer Mediation*
- Pwogram *mentoring*
- Rezolisyon konfli
- Mizanplas kontra pou konpòtman endividyèl
- Rapò sou amelyorasyon konpòtman sou yon ti bout tan
- Referans ba Komite pèsonel pou elèv *Pupil Personnel Team (PPT)*
- Sèvis kominotè (avèk konsantman paran)
- Referans ba yon Òganizasyon ki chita nan kominote *Community Based Organization (CBO)*
- Referans ba anplwaye Biwo ki bay konsèy apwopriye pou moun k ap itilize dwòg
- Referans ba sèvis pou konseye jenn ki gen yon relasyon kote yo abize yo, oswa jenn ki viktim vyolans seksyèl

Jadendanfan-Klas 5yèm Ane NIVO 2

Enfraksyon - Move kondwit ki mennen dezòd

- A11 Fimen, oswa genyen sou li alimèt oswa briké (A – D sèlman)
- A12 Jwe pou lajan
- A13 Di mo sal oswa fè jès vilgè, jès san pidè oswa jès brutal
- A14 Bay manti, bay move enfòmasyon epi bay pèsònèl lekòl la move enfòmasyon
- A15 Malmennen zafè lòt moun
- A16 Patisipe oswa konpòte mal nan otobis lekòl
- A17 Kite klas oswa lekòl san pèmisyon moun k ap sipèvizè nan lekòl la
- A18 Touche moun fason ki pa apwopriye oswa touche moun ki pa vle yo touche yo oswa touche yon pati prive nan kò yon moun. (Pou klas jadendanfan-klas 3yèm ane sèlman; gade Enfraksyon A28 pou klas 4yèm-klas 5yèm ane. Pou bourade, pouse, elatriye, al gade A24.)
- A19 Vyole Règleman Depatman an sou Lizaj Entènèt, (pa ekzanp, itilize sistèm Depatman an pou rezon ki pa gen pou wè ak edikasyon, enfraksyon ki gen pou wè ak sekirite ak sekre sistèm lan)
- A20 Gen konpòtman ki pa onèt nan lekòl tankou, men se pa sèlman konsa :
- Pran poul (pa ekzanp, kopye sou egzamen yon lòt; itilize materyèl pandan yon egzamen san pèmisyon moun k ap bay egzamen an; travay ansanm ak yon lòt elèv pandan yon egzamen san pèmisyon; itilize, achte, vann, volè, pote, oswa mande ak tout konsyans, tout oswa pati materyèl ki nan yon egzamen ke yo poko bay; pran plas yon lòt elèv oswa pèmèt yon lòt elèv pran plas ou pou pran yon egzamen; peye yon lòt moun pou jwenn yon egzamen ke yo pral bay; oswa sere kopi egzamen oswa repons yo anvan egzamen an)
 - Plajya/kopye (pran travay yon lòt epi itilize li tankou se te travay ou san ou pa mete sitasyon oswa eksplikasyon ki nesèsè yo, pa ekzanp kopye yon travay ekri ou jwenn sou Entènèt, oswa nenpòt lòt kote) (klas 4yèm- klas 5yèm sèlman)
 - Konplote (mete ak yon lòt moun pou kopye yon travay pou w pran kredi pou yon kou)
- A21 *Pran abitud gen konpòtman yo klase Nivo 1* (Lè li posib epi lè l apwopriye, anvan yo pran mezi disiplinè Nivo 2, ofisyèl lekòl yo dwe eseye pran mezi disiplinè Nivo 1. Epitou, yo pa ka pran mezi disiplinè pi sèvè pase Nivo 2 yo pou enfraksyon Nivo 1 yon elèv fè souvan).
- * Mezi sa a aplikab sèlman pou enfraksyon A04-A10 Nivo 1, jadendanfan rive klas 5yèm ane.

Kalite mezi disiplinè yo ka pran

- Anplwaye pedagogik nan lekòl la ka sèmone elèv la
- Konferans elèv ak pwofesè
- Sipèvizè (tankou, asistan direktè, direktè) ka reprimande elèv la
- Konferans paran
- Pinisyon nan lekòl la (tankou yo pa pèmèt elèv la patisipe nan lòt aktivite, rekreyasyon oswa dejene ansanm ak tout moun)
- Pwofesè a ka mete elèv la deyò nan klas la (apre nenpòt ki pwofesè mete yon elèv deyò nan nenpòt ki klas twa (3) fwa nan yon semès oswa de (2) fwa nan yon trimès, yo pral oblije fè direktè a ranvwaye elèv la si l vin gen ankò move konpòtman ki ta kòz pwofesè a mete li deyò ankò nan klas li a)
- Direktè a ka ranvwaye elèv la

Kalite mezi entèvansyon konseye pedagogik la ka pran anplis mezi disiplinè yo, pou entèvni kòmsadwa

- Kontakte paran pou bay li enfòmasyon pou ede l
 - Entèvansyon anplwaye ki bay konsèy
 - Konferans avèk konseye pedagogik
 - Konsèy pou yon gwoup oswa pou yon sèl moun
 - Mediyasyon ant elèv yo *Peer Mediation*
 - Pwogram *mentoring*
 - Rezolisyon konfli
 - Mizanplas kontra sou konpòtman endividyèl
 - Rapò sou amelyorasyon konpòtman sou yon ti bout tan
 - Referans ba Komite pèsònèl pou elèv *Pupil Personnel Team* (PPT)
 - Sèvis kominotè (avèk konsantman paran)
 - Referans ba yon Òganizasyon ki chita nan kominote *Community Based Organization* (CBO)
 - Referans ba anplwaye Biwo ki bay konsèy apwopriye pou moun k ap itilize dwòg
 - Referans ba sèvis pou konseye jenn ki gen yon relasyon kote yo abize yo, oswa jenn ki viktim vyolans seksyèl
- Èd pou elèv ki retounen lekòl apre ranvwa**
Elèv ki retounen lekòl apre yo te ranvwaye yo dwe resevwa sèvis èd pou ranfòse konesans yo pou pèmèt yo satisfè nòm ofisyèl onivo sosyal e onivo akademik nan kominote lekòl la. Sèvis pou bay èd yo ka enkli nenpòt kalite mezi entèvansyon pou bay konsèy oswa plizyè sèvis ki adapte ak bezwen chak elèv.

Jadendanfan-Klas 5yèm Ane NIVO 3

Enfraksyon - Konpòtman danjre oswa ensipòtab

- A22 Endisiplinè; defye oswa dezobeyi otorite legal pèsònèl lekòl la oswa ajan sekirite lekòl yo
- A23 Ensiltè moun sou ras li ye oubyen ras li sanble ye, etnisite, koulè po yo, peyi kote yo sòti, sitwayen ki peyi ou ye/si ou gen papyè ou non, relijyon, sèks, idantite seksyèl, ekspresyon seksyèl, oryantasyon seksyèl, oswa andikap yo
- A24 Bourade, pouse, oswa gen lòt kalite konpòtman ki sanble ak konpòtman sa yo (tankou pase moun nan betiz, oswa lòt ti kont), oswa voye yon bagay sou moun (pa egzanp lakre), oswa krache sou yon lòt moun (pou goumen, al gade A-34)
- A25 Mennen vizitè san otorizasyon nan lekòl la, oswa pèmèt vizitè ki pa gen otorizasyon rantre nan lekòl la an vyolasyon règleman ekri lekòl yo
- A26 Pran bagay yon moun san li pa ba ou l
- A27 Fòje, chanje, oswa modifiye yon dosye oswa dokiman yon lekòl pa nenpòt ki metòd, tankou, men pa sèlman jan sa yo sèlman, ak òdinatè oswa ak lòt mwayen elektwonik
- A28 Touche moun fason ki pa apwopriye oswa touche lòt moun ki pa vle yo touche yo (klas 4yèm- klas 5yèm ane sèlman; gade Enfraksyon A18 pou Jadendanfan-klas 3yèm ane; Pou bourade, pouse, elatriye, al gade A24.)
- A29 *Gen konpòtman ki gen pou wè ak gang (pa ekzanp, mete rad gang, lòt bagay moun ki nan gang mete sou yo, ekri grafiti**, fè jès oswa siy gang) (klas 4yèm- klas 5yèm sèlman) (D-I sèlman)
- A30 **Patisipe nan kraze brize, fè *graffiti* oswa fè espres kraze bagay ki pou lekòl la oswa bagay ki pou anplwaye, elèv oswa lòt moun (C-I sèlman)
- A31 Afiche oswa distribye materyèl oswa dokiman kote yo ekri mo sal pou denigre moun (Pa egzanp afiche yo sou Entènèt).
- A32 ***Pran abitud gen konpòtman ki klase Nivo 2 (Lè l posib epi lè l apwopriye, anplwaye lekòl yo dwe eseye pran mezi disiplinè Nivo 2 anvan yo aplike mezi disiplinè Nivo 3. Epitou, yo dwe pran mezi disiplinè Nivo 3 pou enfraksyon Nivo 2 elèv kontinye komèt souvan.) (D-I sèlman)
- * Lè anplwaye lekòl yo ap detèminen si yon konpòtman gen pou wè ak gang, anplwaye lekòl yo dwe konsilte Depatman nan Biwo lekòl ki okipe Fòmasyon jennmoun ki fè pati Gang.
- ** Si yon elèv lakòz yon gwo deteryorasyon nan pwopriyete ki mande pakèt reparasyon, *Superintendent* an ka pwolonje ranvwa a pou 30 jiska 90 jou lekòl, epi revize dosye elèv la otomatikman pou fè l tounen lekòl apre 30 oswa 60 jou lekòl.
- *** Sa a aplikab sèlman pou enfraksyon A11-A21 yo sèlman Nivo 2, jadendanfan – klas 5yèm ane.

Kalite mezi disiplinè yo ka pran

- A. Anplwaye pedagogik lekòl la ka sèmone elèv la
- B. Reyinyon ant elèv ak pwofesè
- C. Sipèvizè (tankou, asistan direktè, direktè) ka reprimande elèv la
- D. Konferans paran
- E. Pinisyon nan lekòl la (tankou yo pa pèmèt elèv la patisipe nan lòt aktivite, rekreyasyon oswa dejene ansanm ak tout moun)
- F. Pwofesè a ka mete elèv la deyò nan klas la (apre nenpòt ki pwofesè mete yon elèv deyò nan nenpòt ki klas twa (3) fwa nan yon semès oswa de (2) fwa nan yon trimès, yo pral oblije fè direktè a ranvwaye elèv la si yon li konpòte l mal yon lòt fwa ki ta lakòz pwofesè a mete li deyò ankò nan klas li)
- G. Direktè a ka ranvwaye elèv la
- H. *Superintendent* an ka ranvwaye yon elèv men li ka pèmèt li retounen lekòl la touswit
- I. *Superintendent* an ka ranvwaye yon elèv pou yon peryòd pwolonje fiks de 6 a 10 jou lekòl

Kalite mezi konseye pedagogik la ka pran anplis apa mezi disiplinè yo, pou entèveni kòm sadwa

- Kontakte paran pou bay yo enfòmasyon pou ede yo
 - Entèvansyon anplwaye ki bay konsèy
 - Konferans ak konseye pedagogik
 - Konsèy pou yon gwoup oswa pou yon sèl moun
 - Mediyasyon ant elèv yo *Peer Mediation*
 - Pwogram *mentoring*
 - Rezolisyon konfli
 - Mizanplas kontra konpòtman endividyèl
 - Rapò sou amelyorasyon konpòtman sou yon ti bout tan
 - Referans ba Komite pèsònèl pou elèv *Pupil Personnel Team* (PPT)
 - Sèvis kominotè (avèk konsantman paran)
 - Referans ba yon Òganizasyon ki chita nan kominote *Community Based Organization* (CBO)
 - Referans ba anplwaye Biwo ki bay konsèy apwopriye pou moun k ap itilize dwòg
 - Referans ba sèvis pou konseye jenn ki gen yon relasyon kote yo abize yo, oswa jenn ki viktim vyolans seksyèl
 - Referans bay yon sèvis pou konseye poutèt maltretman, entimidasyon, arasman baze sou prejije
- Èd pou elèv ki retounen lekòl apre ranvwa**
- Elèv ki retounen lekòl apre yo te ranvwaye l dwe resevwa sèvis èd pou ranfòse konesans yo pou pèmèt yo satisfè nòm ofisyèl onivo sosyal e onivo akademik nan kominote lekòl la. Sèvis pou bay èd yo ka enkli nenpòt kalite mezi entèvansyon pou bay konsèy oswa plizyè sèvis ki adapte ak bezwen chak elèv.

Jadendanfan-Klas 5yèm Ane NIVO 4

Enfraksyon - Konpòtman danjre oswa vyolan

- A33 Afiche oswa distribye materyèl oswa dokiman ki gen menas pou fè vyolans, pou blese oswa pou fè moun mal, oswa k ap dekri aksyon vyolan kont elèv oswa foto deprave, vilgè oswa endesan elèv oswa anplwaye (pa egzanp pibliye kalite materyèl sa a sou Entènèt) (D-I sèlman)
- A34 Patisipe nan akwochaj oswa gen konpòtman menasan, se pa bourad, ki kapab kòz oswa ka antrene aksidan
- A35 Patisipe nan zak pou fè vyolans oswa pou menase fè vyolans, blese oswa fè yon moun oswa lòt moun mal
- A36 Genyen move konpòtman nan otobis lekòl la ki ka koze anpil dega oswa aksidan (G-J sèlman)
- A37 Patisipe nan zak entimidasyon ak kaponnay – menase, swiv oswa chèche entimide oswa fòse yon elèv oswa yon anplwaye lekòl pou fè yon bagay; konpòte yo yon fason kit jan l pale oswa jan l aji ki kapab fè yon lòt moun mal, pase moun nan betiz oubyen entimide l oswa toude jan, pou ensilte l sou ras moun nan oubyen ras moun nan sanble ye, etnisite, koulè po l, peyi kote l soti, sitwayen ki peyi li ye/si li gen papyè ou non, relijyon, pratik relijyon li, sèks, idantite seksyèl, ekspresyon seksyèl, oryantasyon seksyèl oswa andikap
- A38 Fè kòmantè sou sèks, pwopozisyon oswa menm kalite kòmantè, oswa lòt agresyon vèbal oswa ki pa vèbal oswa konpòtman fizik ki gen pou wè ak sèks (tankou manyen, karese, penchinen, oswa konpòtman anpiblik endesan) (sèlman pou elèv klas 4yèm ak 5yèm ane)
- A39 Posede sibstans ki sou kontwòl leta, dwòg, zouti oswa ekipman pou prepare dwòg oubyen alkòl oswa toude sibstans yo san otorizasyon

* Yo ka mete elèv la deyò nan otobis la dapre Règleman A-801 Chanselye a.

Kalite mezi disiplinè yo ka pran

- D. Konferans paran
- E. Piniyon nan lekòl la (tankou yo pa pèmèt elèv la patisipe nan lòt aktivite, rekreyasyon oswa dejene ansanm ak tout moun)
- F. Pwofesè a ka mete elèv la deyò nan klas la (apre nenpòt ki pwofesè mete yon elèv deyò nan nenpòt ki klas twa (3) fwa nan yon semès oswa de (2) fwa nan yon trimès, yo pral oblije fè direktè a ranvwaye elèv la si l konpòte mal ankò ki ta lakòz pwofesè a mete li deyò ankò nan klas li)
- G. Direktè a ka ranvwaye elèv la
- H. *Superintendent* an ka ranvwaye yon elèv, men li ka pèmèt li retounen lekòl la touswit
- I. *Superintendent* an ka ranvwaye yon elèv pou yon peryòd pwolonje fiks de 6 a 10 jou lekòl
- J. *Superintendent* an ka ranvwaye yon elèv pou yon peryòd pwolonje 30 a 90 jou men ka deside fè elèv la tounen lekòl pi bonè apre 30 oswa 60 jou lekòl

Kalite mezi anplis konseye pedagogik la ka pran apa mezi disiplinè yo, pou entèveni kòm sadwa

- Kontakte paran pou bay yo enfòmasyon pou ede yo
 - Entèvansyon anplwaye ki bay konsèy
 - Reyinyon avèk konseye pedagogik
 - Konsèy pou yon gwoup oswa pou yon sèl moun
 - Mediyasyon ant elèv *Peer Mediation*
 - Pwogram *mentoring*
 - Rezolasyon konfli
 - Mizanplas kontra sou konpòtman endividyèl
 - Rapò sou amelyorasyon konpòtman sou yon ti bout tan
 - Referans ba Komite pèsonel pou elèv *Pupil Personnel Team (PPT)*
 - Sèvis kominotè (avèk konsantman paran)
 - Referans ba yon Òganizasyon ki chita nan kominote *Community Based Organization (CBO)*
 - Referans ba anplwaye biwo ki bay konsèy apwopriye pou moun k ap itilize dwòg
 - Referans ba sèvis pou konseye jenn ki gen yon relasyon kote yo abize yo, oswa jenn ki viktim vyolans seksyèl
 - Referans bay yon sèvis pou konseye poutèt maltretman, entimidasyon, arasman baze sou prejije
- Èd pou elèv ki retounen lekòl apre ranvwa**
Elèv ki retounen lekòl apre yo te ranvwaye yo dwe resevwa sèvis èd pou ranfòse konesans yo pou pèmèt yo satisfè nòm ofisyèl onivo sosyal e onivo akademik nan kominote lekòl la. Sèvis pou bay èd yo ka enkli nenpòt kalite mezi entèvansyon pou bay konsèy oswa plizyè sèvis ki adapte ak bezwen chak elèv.

Jadendanfan-Klas 5yèm Ane NIVO 4 swit

Enfraksyon - Konpòtman danjre oswa vyolan

- A40 Pran oswa eseye pran bagay yon moun san li pa konnen
- A41 Aktive alam dife oswa lòt alam san rezon (D-I sèlman)
- A42 Fè menas l ap fè eklate yon bonm (D-I sèlman)
- A43 Okazyone yon dal risk pou blese moun grav oubyen gen konpòtman enpridan, epi itilize yon bagay ki sanble kapab kòz yon moun blese (tankou, brikè, bouk sentiwon, oswa lonbrèl)
- A44 Gen yon konpòtman enpridan ki ka kòz moun blese gravman swa lè l sèvi avèk yon bagay ki sanble kapab kòz moun blese (tankou brikè, bouk sentiwon, oswa lonbrèl)
- A45 Kòmanse mete dife yon kote (G-J sèlman)
- A46 Ankouraje oswa provoke yon revòlt (G-J sèlman)
- A47 *Posede oswa vann nenpòt ki zam ki nan Kategori II (G-J sèlman)
- A48 Itilize sibstans ki sou kontwòl leta, oswa itilize dwòg oswa alkòl oubyen toulede san otorizasyon (G-J sèlman)
- A49 Kontinye genyen menm konpòtman Nivo 3 (Lè li posib epi lè li nesèsè, anplwaye lekòl la dwe fin pran tout mezi disiplinè Nivo 3 anvan yo pran mezi disiplinè Nivo 4. Epitou, menm lè elèv la kontinye komèt enfraksyon yo klase nan Nivo 3, yo pa kapab depase mezi disiplinè ki site nan Nivo 4 yo.)

* Anvan pou yo mande ranvwaye yon elèv ki posede yon bagay ki make nan Kategori II lè se pa yon bagay ki fèt pou blese moun, tankou, yon lim pou zong, direktè a dwe konsidere si gen lòt rezon ki fè elèv la genyen l sou li. Lèfini, direktè a dwe konsidere si yon zam jwèt sanble anpil ak yon vre zam. Li dwe konsidere yon seri faktè tankou koulè, gwosè, fòm, aparans ak pwa zam lan.

Kalite mezi disiplinè yo ka pran

- D. Konferans paran
- E. Piniyon nan lekòl la (tankou yo pa pèmèt elèv la patisipe nan lòt aktivite, rekreyasyon oswa dejene ansanm ak tout moun)
- F. Pwofesè a ka mete elèv la deyò nan klas la (apre nenpòt ki pwofesè mete yon elèv deyò nan nenpòt ki klas twa (3) fwa nan yon semès oswa de (2) fwa nan yon trimès, yo pral oblije fè direktè a ranvwaye elèv la si l ta vin gen yon lòt move konpòtman ki ta kòz pwofesè a mete li deyò ankò nan klas li)
- G. Direktè a ka ranvwaye elèv la
- H. *Superintendent* an ka ranvwaye yon elèv men li ka pèmèt li retounen lekòl la touswit
- I. *Superintendent* an ka ranvwaye yon elèv pou yon peryòd pwolonje fiks de 6 a 10 jou lekòl
- J. *Superintendent* an ka ranvwaye yon elèv pou yon peryòd pwolonje 30 a 90 jou, men ka deside fè elèv la tounen lekòl apre 30 oswa 60 jou lekòl

Kalite mezi anplis konseye pedagogik la ka pran apa mezi disiplinè yo, pou entèveni kòm sadwa

- Kontakte paran pou bay yo enfòmasyon pou ede yo
- Entèvansyon anplwaye ki bay konsèy
- Konferans avèk konseye pedagogik
- Konsèy pou yon gwoup oswa pou yon sèl moun
- Mediyasyon ant elèv yo *Peer Mediation*
- Pwogram *mentoring*
- Rezolisyon konfli
- Mizanplas kontra sou konpòtman endividyèl
- Rapò sou amelyorasyon konpòtman sou yon ti bout tan
- Referans ba Komite pèsònèl pou elèv *Pupil Personnel Team (PPT)*
- Sèvis kominotè (avèk konsantman paran)
- Referans ba yon Òganizasyon ki chita nan kominote *Community Based Organization (CBO)*
- Referans ba anplwaye Biwo ki bay konsèy apwopriye pou moun k ap itilize dwòg
- Referans ba sèvis pou konseye jenn ki gen yon relasyon kote yo abize yo, oswa jenn ki viktim vyolans seksyèl
- Referans bay yon sèvis pou konseye poutèt maltretman, entimidasyon, arasman baze sou prejije

Èd pou elèv ki retounen lekòl apre ranvwa

Elèv ki retounen lekòl apre yo te ranvwaye yo dwe resevwa sèvis èd pou ranfòse konesans yo pou pèmèt yo satisfè nòm ofisyèl onivo sosyal e onivo akademik nan kominote lekòl la. Sèvis pou bay èd yo ka enkli nenpòt kalite mezi entèvansyon pou bay konsèy oswa plizyè sèvis ki adapte ak bezwen chak elèv.

Jadendanfan-Klas 5yèm Ane NIVO 5

Enfraksyon - Konpòtman vyolan oswa ki danjre anpil

- A50 Fè menas pou itilize oswa itilize fòs pou pran oswa eseye pran sa ki pa pou ou
- A51 Itilize gwo fòs sou moun ki ap travay nan lekòl la oswa ajan sekirite lekòl la pou blese oswa eseye blese yo grav (I-J sèlman)
- A52 Itilize gwo fòs kont elèv oswa lòt moun pou blese yo oswa eseye blese yo grav (I-J sèlman)
- A53 Planifye, chofe zak gwoup moun oswa patisipe nan zak gwoup k ap fè vyolans
- A54 *Gen konpòtman menasan, danjre oswa vyolan ki gen pou wè ak gang
- A55 Agresyon seksyèl, ankouraje oswa fòse yon lòt moun pou fè sèks (klas 4yèm ak klas 5yèm ane sèlman) (I-J sèlman)
- A56 Vann oswa distribye dwòg oswa lòt sibstans ilegal (I-J sèlman)
- A57 Posede oswa vann tout kalite zam ki pa yon zam a fe, tankou sa yo site nan Kategori I an (I-J sèlman)
- A58 Sèvi ak nenpòt ki zam ki site nan Kategori II pou menase oswa eseye blese moun k ap travay nan lekòl la, elèv oswa lòt moun (I-J sèlman)
- A59 Sèvi ak tout kalite zam ki pa yon zam a fe, tankou sa yo site nan Kategori I, pou menase oswa eseye blese moun k ap travay nan lekòl la, elèv yo, oswa lòt moun
- A60 Sèvi ak tout kalite zam ki pa yon zam a fe, tankou sa yo site nan Kategori I oswa II, pou blese moun k ap travay nan lekòl la, elèv yo, oswa lòt moun
- A61 **Posede oswa sèvi ak yon zam a fe (L sèlman)
- * Lè anplwaye lekòl yo ap detèminen si konpòtman yon elèv gen pou wè ak patisipasyon li nan yon gang, anplwaye lekòl yo dwe konsilte Depatman nan Biwo lekòl ki okipe Fòmasyon jennmoun ki fè pati Gang.
- ** Yo ka chanje mezi disiplinè sa a depann chak ka.

Kalite mezi disiplinè yo ka pran

- I. *Superintendent* an ka ranvwaye yon elèv pou yon peryòd pwolonje fiks de 6 a 10 jou lekòl
- J. *Superintendent* an ka ranvwaye yon elèv pou yon peryòd pwolonje 30 a 90 jou men ka deside fè elèv la tounen lekòl apre 30 oswa 60 jou lekòl
- K. *Superintendent* an ka ranvwaye yon elèv pou yon lane epi deside mete l nan yon Sant pou elèv Jadendanfan jiska Klas 5yèm yo ranvwaye pou yon peryòd pwolonje. Y ap otomatikman reevalye elèv la pou bay li posibilite pou l retounen nan lekòl li apre 6 mwa.
- L. *Superintendent* an ka ranvwaye yon elèv pou yon lane, epi mete l nan yon lòt lokal pou elèv Jadendanfan jiska Klas 5yèm ane yo ranvwaye pou yon peryòd pwolonje, san li pa gen posibilite mande pou l tounen lekòl pi bonè.

Kalite mezi konseye pedagogik la ka pran anplis apa mezi disiplinè yo, pou entèvni kòm sadwa

- Kontakte paran pou bay yo enfòmasyon pou ede yo
 - Entèvansyon anplwaye ki bay konsèy
 - Reyinyon avèk konseye pedagogik
 - Konsèy pou yon gwoup oswa pou yon sèl moun
 - Mediyasyon ant elèv *Peer Mediation*
 - Pwogram *mentoring*
 - Rezolisyon konfli
 - Mizanplas kontra sou konpòtman endividyèl
 - Rapò sou amelyorasyon konpòtman sou yon ti bout tan
 - Referans ba Komite pèsònèl pou elèv *Pupil Personnel Team* (PPT)
 - Sèvis kominotè (avèk konsantman paran)
 - Referans ba yon Òganizasyon ki chita nan kominote *Community Based Organization* (CBO)
 - Referans ba anplwaye Biwo ki bay konsèy apwopriye pou moun k ap itilize dwòg
 - Referans ba sèvis pou konseye jenn ki gen yon relasyon kote yo abize yo, oswa jenn ki viktim vyolans seksyèl
 - Referans bay yon sèvis pou konseye poutèt maltretman, entimidasyon, arasman baze sou prejije
- Èd pou elèv ki retounen lekòl apre ranvwa**
Elèv ki retounen lekòl apre yo te ranvwaye yo dwe resevwa sèvis èd pou ranfòse konesans yo pou pèmèt yo satisfè nòm ofisyèl onivo sosyal e onivo akademik nan kominote lekòl la. Sèvis pou bay èd yo ka enklè nenpòt kalite mezi entèvansyon pou bay konsèy oswa plizyè sèvis ki adapte ak bezwen chak elèv.

Klas 6yèm-Klas 12yèm Ane NIVO 1

Enfraksyon - Konpòtman endisiplinè

- B01 Lè elèv absan lekòl san bay eskiz (A-D Sèlman)
- B02 Lè elèv pa mete inifòm lekòl lè yo dwe mete l (valab sèlman pou elèv klas 6yèm rive klas 6yèm pou 12yèm ane ki nan lekòl ki gen règleman pou elèv mete inifòm, epi paran yo pa te mande eskiz pou yo pate mete l) (A-D sèlman)
- B03 Lè l pa ale nan kou (ale lekòl epi pa ale nan youn oswa plizyè kou ki sou orè a)
- B04 Lè l anreta lekòl oswa nan kou
- B05 Lè l pote ekipman oswa materyèl ke yo defann nan lekòl la san otorizasyon (pa ekzanp, telefòn selilè, bipè, oswa lòt aparèy kominikasyon elektwomik oswa aparèy pou amizman)
- B06 Lè l pa chita nan plas ke yo te bay li nan lekòl la
- B07 Lè l konpòte yon jan ki deranje pwosesis edikasyon (pa ekzanp, fè anpil bwi nan klas, nan bibliyotèk oswa nan koulwa)
- B08 Lè l pale mal oswa derespekte moun
- B09 *Lè l mete abiman, bagay pou tèt (tankou kepi ak chapo) oswa lòt bagay ki danjre, oswa ki deranje pwosesis edikasyon an
- B10 Lè l kole afich sou mi oswa distribye bagay sou teritwa lekòl ki pa ann akò ak règleman ekri DOE oubyen règleman lekòl yo oswa toude règleman yo alafwa
- B11 Lè l pa bay ofisyèl lekòl yo pyès didantite kòrèk lè yo mande l
- B12 Lè l itilize òdinatè lekòl, machin faks, telefòn oswa lòt ekipman elektwonik oswa machin san pèmisyon apwopriye

* Si w ta vle poze yon kesyon pou konnen si wi ou non rad oswa bando ki fèt ak mouchwa se ekspresyon yon reliyon, lekòl la dwe kontakte Direktè anchèf Biwo pou Fòmasyon jennmoun.

Kalite mezi disiplinè yo ka pran

- A. Yon anplwaye pedagogik nan lekòl la ka sèmone elèv la
- B. Konferans elèv ak pwofesè
- C. Sipèvizè (tankou, asistan direktè, direktè) ka reprimande elèv la
- D. Konferans paran
- E. Pinisyon nan lekòl la (tankou yo pa pèmèt elèv la patisipe nan lòt aktivite, rekreyasyon oswa dejene ansanm ak tout moun)
- F. Pwofesè a ka mete elèv la deyò nan klas la (apre nenpòt ki pwofesè mete yon elèv deyò nan nenpòt ki klas twa (3) fwa nan yon semès oswa de (2) fwa nan yon trimès, yo pral oblije fè direktè a ranvwaye elèv la si li konpòte l mal yon lòt fwa ki lakòz pwofesè a mete li deyò ankò nan klas li)

Kalite mezi konseye pedagogik la ka pran anplis apa mezi disiplinè yo, pou entèveni kòmsadwa

- Kontakte paran pou bay yo enfòmasyon pou ede yo
- Entèvansyon anplwaye ki bay konsèy
- Konferans avèk konseye pedagogik
- Konsèy pou yon gwoup oswa pou yon sèl moun
- Mediyasyon ant elèv *Peer Mediation*
- Pwogram *mentoring*
- Rezolisyon konfli
- Mizanplas kontra sou konpòtman endividyèl
- Rapò sou amelyorasyon konpòtman sou yon ti bout tan
- Referans ba Komite pèsonel pou elèv *Pupil Personnel Team (PPT)*
- Sèvis kominotè (avèk konsantman paran)
- Referans ba yon Òganizasyon ki chita nan kominote *Community Based Organization (CBO)*

Klas 6yèm-Klas 12yèm Ane NIVO 2

Enfraksyon - Move kondwit ki kreye dezòd

- B13 Fimen, genyen sou li alimèt oswa brikè (A-D sèlman.)
- B14 Jwe pou lajan
- B15 Itilize mo sal, mo vilgè oswa fè jès san pidè, fè jès oswa pale brital
- B16 Bay manti, bay move enfòmasyon oswa bay moun k ap travay nan lekòl la move enfòmasyon oubyen toude anmenmtan
- B17 Malmennen zafè lòt moun
- B18 Patisipe oswa genyen move konpòtman nan otobis lekòl la
- B19 *Kontinye gen menm move konpòtman Nivo 1 touttan (Lè li posib epi lè li apwopriye, anplwaye lekòl yo dwe eseye pran mezi disiplinè yo site nan Nivo 1 yo anvan yo pran mezi disiplinè Nivo 2 yo. Epitou, menm lè elèv la kontinye komèt enfraksyon yo site nan Nivo 1, yo paka aplike mezi disiplinè pi sevè pase sa Nivo 2 yo).

* Sa a aplikab pou enfraksyon B05-B12 nan Nivo 1, klas 6yèm rive klas 12yèm ane

Kalite mezi disiplinè yo ka pran

- A. Yon anplwaye pedagogik nan lekòl la ka sèmone elèv la
- B. Konferans elèv ak pwofesè
- C. Sipèvizè (tankou, asistan direktè, direktè) ka reprimande elèv la
- D. Konferans paran
- E. Piniyon nan lekòl la (tankou yo pa pèmèt elèv la patisipe nan lòt aktivite, rekreyasyon oswa dejene ansanm ak tout moun)
- F. Pwofesè a ka mete elèv la deyò nan klas la (apre nenpòt ki pwofesè mete yon elèv deyò nan nenpòt ki klas twa (3) fwa nan yon semès oswa de (2) fwa nan yon trimès, yo pral oblije fè direktè a ranvwaye elèv la si li konpòte l mal yon lòt fwa ki lakòz pwofesè a mete li deyò ankò nan klas li)
- G. Direktè a ka ranvwaye elèv la

Kalite mezi konseye pedagogik la ka pran anplis apa mezi disiplinè yo, pou entèvni kòmsadwa

- Kontakte paran pou bay yo enfòmasyon pou ede yo
- Entèvansyon anplwaye ki bay konsèy
- Konferans avèk konseye pedagogik
- Konsèy pou yon gwoup oswa pou yon sèl moun
- Mediyasyon ant elèv *Peer Mediation*
- Pwogram *mentoring*
- Rezolisyon konfli
- Mizanplas kontra sou konpòtman endividyèl
- Rapò sou amelyorasyon konpòtman sou yon ti bout tan
- Referans ba Komite pèsònèl pou elèv *Pupil Personnel Team (PPT)*
- Sèvis kominotè (avèk konsantman paran)
- Referans ba yon Òganizasyon ki chita nan kominote *Community Based Organization (CBO)*
- Referans ba anplwaye Biwo ki bay konsèy apwopriye pou moun k ap itilize dwòg
- Referans ba sèvis pou konseye jenn ki gen yon relasyon kote yo abize yo, oswa jenn ki viktim vyolans seksyèl
- Referans bay yon sèvis pou konseye poutèt maltretman, entimidasyon, arasman baze sou prejije

Èd pou elèv ki retounen lekòl apre ranvwa

Elèv ki retounen lekòl apre yo te ranvwaye l dwe resevwa sèvis èd pou ranfòse konesans yo pou pèmèt yo satisfè nòm ofisyèl onivo sosyal e onivo akademik nan kominote lekòl la. Sèvis pou bay èd yo ka enkli nenpòt kalite mezi entèvansyon pou bay konsèy oswa plizyè sèvis ki adapte a bezwen chak elèv.

Klas 6yèm-Klas 12yèm Ane NIVO 3

Enfraksyon - Konpòtman ensipòtab

- B20 Soti nan klas oswa lokal lekòl la san pèmisyon moun nan pèsònèl k ap sipèvizite nan lekòl la
- B21 Endisiplinè; defye oswa dezobeyi otorite legal pèsònèl lekòl oswa ajan sekirite lekòl yo
- B22 Antre oubyen eseye antre nan yon *building* lekòl san otorizasyon
- B23 Ensiltè moun akòz ras li oubyen ras li sanble li ye, etnisite, koulè po yo, peyi kote soti, ssitwayen ki peyi li ye/si li gen papyè ou non, relijyon, sèks, idantite seksyèl, ekspresyon seksyèl, oryantasyon seksyèl, oswa andikap. (C-I sèlman)
- B24 Bourade, pouse, oswa patisipe nan lòt kalite konpòtman ki sanble ak konpòtman sa yo (tankou pase moun nan betiz, oswa lòt ti kont), oswa voye yon bagay sou moun (tankou lakre), oswa krache sou yon lòt moun (pou goumen, al gade B-37) (C-I sèlman)
- B25 Mennen vizitè san otorizasyon nan lekòl oswa pèmèt vizitè ki pa gen otorizasyon rantre nan lekòl la an vyolasyon règleman alekri lekòl yo
- B26 *Genyen konpòtman ki gen pou wè ak gang (pa ekzanp, mete rad gang ak lòt bagay moun ki nan gang mete sou yo, ekri grafiti**, fè jès oswa siy gang) (D-I sèlman)
- B27 Fòje, chanje, oswa modifye dosye oswa dokiman yon lekòl pa nenpòt ki metòd, tankou, men se pa sèlman jan sa yo, avèk òdinatè oswa ak lòt mwayen elektwonik
- B28 **Patisipe nan kraze brize, fè grafiti oswa fè espres kraze bagay ki pou lekòl oswa bagay ki pou anplwaye, pou elèv oswa lòt moun (D-I sèlman)
- B29 Gen konesans ou pran bagay yon moun san l pa konnen
- * Lè ofisyèl lekòl yo ap detèminen si yon konpòtman gen pou wè ak yon gang, konsilte Depatman nan Biwo lekòl ki okipe Fòmasyon jennmoun ki fè pati Gang.
- ** Si yon elèv kòz yon gwo deteryorasyon nan pwopriyete ki mande pakèt reparasyon, *Superintendent* an ka pwolonje ranvwa a pou 30 jiska 90 jouen lekòl, epi revize dosye elèv la otomatikman pou fè l tounen lekòl apre 30 oswa 60 jou lekòl.

Kalite mezi disiplinè yo ka pran

- A. Yon anplwaye pedagogik nan lekòl la ka reprimande elèv la
- B. Konferans elèv ak pwofesè
- C. Sipèvizite (tankou, asistan direktè, direktè) ka reprimande elèv la
- D. Konferans paran
- E. Pinisyon nan lekòl la (tankou yo pa pèmèt elèv la patisipe nan lòt aktivite, rekreyasyon oswa dejene ansanm ak tout moun)
- F. Pwofesè a ka mete elèv la deyò nan klas la (apre nenpòt ki pwofesè mete yon elèv deyò nan nenpòt ki klas twa (3) fwa nan yon semès oswa de (2) fwa nan yon trimès, yo pral oblije fè direktè a ranvwaye elèv la si l konpòte l mal yon lòt fwa ki ta lakòz pwofesè a mete li deyò ankò nan klas li)
- G. Direktè a ka ranvwaye elèv la
- H. *Superintendent* an ka ranvwaye yon elèv men li ka pèmèt li retounen lekòl la touswit
- I. *Superintendent* an ka ranvwaye yon elèv pou yon peryòd pwolonje fiks de 6 a 10 jou lekòl

Kalite mezi konseye pedagogik la ka pran anplis apa mezi disiplinè yo, pou entèvni kòm sadwa

- Kontakte paran pou bay yo enfòmasyon pou ede yo
 - Entèvansyon anplwaye ki bay konsèy
 - Konferans avèk konseye pedagogik
 - Konsèy pou yon gwoup oswa pou yon sèl moun
 - Mediyasyon ant elèv yo *Peer Mediation*
 - Pwogram *mentoring*
 - Rezolisyon konfli
 - Mizanplas kontra sou konpòtman endividyèl
 - Rapò sou amelyorasyon konpòtman sou yon ti bout tan
 - Referans ba Komite pèsònèl pou elèv *Pupil Personnel Team* (PPT)
 - Sèvis kominotè (avèk konsantman paran)
 - Referans ba yon Òganizasyon ki chita nan kominote *Community Based Organization* (CBO)
 - Referans ba anplwaye Biwo ki bay konsèy apwopriye pou moun k ap itilize dwòg
 - Referans ba sèvis pou konseye jenn ki gen yon relasyon kote yo abize yo, oswa jenn ki viktim vyolans seksyèl
 - Referans bay yon sèvis pou konseye poutèt maltretman, entimidasyon, arasman baze sou prejije
- Èd pou elèv ki retounen lekòl apre ranvwa**
- Elèv ki retounen lekòl apre yo te ranvwaye yo dwe resevwa sèvis èd pou ranfòse konesans yo pou pèmèt yo satisfè nòm ofisyèl onivo sosyal e onivo akademik nan kominote lekòl la. Sèvis pou bay èd yo ka enkli nenpòt kalite mezi entèvansyon pou bay konsèy oswa plizyè sèvis ki adapte ak bezwen chak elèv.

Klas 6yèm-Klas 12yèm Ane NIVO 3 swit

Enfraksyon - Konpòtman ensipòtab

- B30 Patisipe nan yon zak seksyèl nan lekòl la oswa nan fèt lekòl la ap òganize
- B31 Vyole Règleman Depatman an sou lizaj Entènèt, (pa ekzanp, itilize sistèm Depatman an pou rezon ki pa gen pou wè ak edikasyon, vyolasyon sekirite ak sekre sistèm lan)
- B32 Genyen yon konpòtman nan lekòl la ki pa onèt tankou, men se pa sèlman sa nou pral site :
- Pran poul (pa ekzanp, kopye sou egzamen yon lòt; itilize materyèl pandan yon egzamen san pèmisyon moun k ap bay egzamen an; travay ansanm ak yon lòt elèv pandan yon egzamen san pèmisyon; itilize, achte, vann, vòlè, pote, oswa mande ak tout konsyans ou, tout oswa moso kesyon, ki nan yon egzamen ke yo pral bay; pran plas yon lòt elèv oswa pèmèt yon lòt elèv pran plas ou pou pran yon egzamen; peye yon lòt moun pou jwenn yon egzamen ke yo pral bay; oswa sere kopi egzamen oswa repons yo anvan egzamen an)
 - Plajya (pran travay yon lòt epi itilize li tankou se te travay ou san ou pa mete sitasyon oswa otorizasyon ki nesèsè yo, tankou kopye yon dokiman ekri ou jwenn nan Entènèt oswa nenpòt lòt kote)
 - Konplote (patisipe pou fè konplo ak yon lòt moun pou kopye yon travay pou pran kredi pou kou a)
- B33 Afiche oswa distribiye materyèl oswa dokiman ki denigre moun (e menm afiche materyèl sa yo sou Entènèt)
- B34 Kontinye gen menm konpòtman Nivo 2 touttan (Lè li posib epi lè li apwopriye, ofisyèl lekòl yo dwe eseye pran mezi disiplinè Nivo 2 anvan yo pran mezi disiplinè Nivo 3. Epitou, menm lè elèv la kontinye komèt enfraksyon Nivo 2 yo, yo pa ka pran mezi pi sevè pase mezi disiplinè Nivo 3 yo.)

Kalite mezi disiplinè yo ka pran

- Yon anlwaye pedagojik nan lekòl la ka sèmone elèv la
- Konferans elèv avèk pwofesè
- Sipèvizè (tankou, asistan direktè, direktè) ka reprimande elèv la
- Konferans paran
- Pinisyon nan lekòl la (tankou yo pa pèmèt elèv la patisipe nan lòt aktivite, rekreyasyon oswa dejene ansanm ak tout moun)
- Pwofesè a ka mete elèv la deyò nan klas la (apre nenpòt ki pwofesè mete yon elèv deyò nan nenpòt ki klas twa (3) fwa nan yon semès oswa de (2) fwa nan yon trimès, yo pral oblije fè direktè a ranvwaye elèv la si li konpòte l mal yon lòt fwa ki lakòz pwofesè a mete li deyò ankò nan klas li)
- Direktè a ka ranvwaye elèv la
- Superintendent* an ka ranvwaye yon elèv men li ka pèmèt li retounen lekòl la touswit
- Superintendent* an ka ranvwaye yon elèv pou yon peryòd pwolonje fiks de 6 a 10 jou lekòl

Kalite mezi entèvansyon konseye pedagojik la ka pran apa mezi disiplinè yo, pou entèvni kòm sadwa

- Kontakte paran pou bay yo enfòmasyon pou ede yo
 - Entèvansyon anlwaye ki bay konsèy
 - Konferans avèk konseye pedagojik
 - Konsèy pou yon gwoup oswa pou yon sèl moun
 - Mediyasyon ant elèv *Peer Mediation*
 - Pwogram *mentoring*
 - Rezolisyon konfli
 - Mizanplas kontra sou konpòtman endividyèl
 - Rapò sou amelyorasyon konpòtman sou yon ti bout tan
 - Referans ba Komite pèsònèl pou elèv *Pupil Personnel Team (PPT)*
 - Sèvis kominotè (avèk konsantman paran)
 - Referans ba yon Òganizasyon ki chita nan kominote *Community Based Organization (CBO)*
 - Referans ba anlwaye Biwo ki bay konsèy apwopriye pou moun k ap itilize dwòg
 - Referans ba sèvis pou konseye jenn ki gen yon relasyon kote yo abize yo, oswa jenn ki viktim vyolans seksyèl
 - Referans bay yon sèvis pou konseye poutèt maltretman, entimidasyon, arasman baze sou prejije
- Èd pou elèv ki retounen lekòl apre ranvwa**
Elèv ki retounen lekòl apre yo te ranvwaye yo dwe resewva sèvis èd pou ranfòse konesans yo pou pèmèt yo satisfè nòm ofisyèl onivo sosyal e onivo akademik nan kominote lekòl la. Sèvis pou bay èd yo ka enkli nenpòt kalite mezi entèvansyon pou bay konsèy oswa plizyè sèvis ki adapte ak bezwen chak elèv.

Klas 6yèm-Klas 12yèm Ane NIVO 4

Enfraksyon - Konpòtman danjre oswa vyolan

- B35 Fè kòmantè sou sèks pou pwovoke moun, akizasyon, pwopozisyon oswa menm kalite kòmantè, oswa lòt ajisman vèbal, oswa ekri oubyen fizik ki gen pou wè ak sèks (tankou manyen, karese, penche, oswa konpòtman sal oswa endesan anpiblik)
- B36 Kole sou mi oubyen distribye materyèl oswa dokiman ki denigre moun, fè menas pou fè moun vyolans oswa pou blese yo, oswa pou dekri aksyon vyolan kont elèv oswa foto deprave, vilgè oswa endesan elèv oswa anplwaye (pa egzanp mete kalite materyèl sa a sou Entènèt)
- B37 Patisipe nan diskisyon oswa gen konpòtman menasan, se pa bourad, ki kapab kòz oswa antrene aksidan (G-J sèlman)
- B38 Patisipe nan zak pou fè oswa menase fè vyolans blese oswa fè yon moun oswa lòt moun mal
- B39 Aji yon jan nan otobis lekòl la ki ka kòz dega oswa provoke aksidan
- B40 Patisipe nan zak entimidasyon ak kaponnay – menase, swiv oswa chèche entimide oswa fòse yon elèv oswa yon anplwaye lekòl pou fè yon bagay; konpòte yo yon fason kit jan l pale oswa jan l aji ki kapab fè yon lòt moun mal, tankou pase yon moun nan betiz oubyen entimide l oswa toulede pou ensilte l sou ras, etnisite, koulè po l, peyi kote l soti, relijyon, pratik relijyon, sèks, idantite seksyèl, ekspresyon seksyèl, oryantasyon seksyèl oswa andikap
- B41 *Posede sibstans ki sou kontwòl leta, dwòg, zouti oswa ekipman pou prepare oswa pran dwòg, oubyen alkòl oswa toulede san otorizasyon
- B42 Sonnen alam dife oswa lòt alam san rezon (G-J sèlman)
- B43 Fè menas pou fè eklate bonm (G-L sèlman)
- B44 Pran oswa eseye pran bagay yon moun san pa mande l (G-J sèlman)

* Yo ka mete elèv deyò nan otobis la dapre Règleman A-801 Chanselye a.

Kalite mezi disiplinè yo ka pran

- G. Direktè a ka ranvwaye elèv la
- H. *Superintendent* an ka ranvwaye yon elèv men li ka pèmèt li retounen lekòl la touswit
- I. *Superintendent* an ka ranvwaye yon elèv pou yon peryòd pwolonje fiks de 6 a 10 jou lekòl
- J. *Superintendent* an ka ranvwaye yon elèv pou yon peryòd pwolonje 30 a 90 jou men ka deside fè elèv la tounen lekòl apre 30 oswa 60 jou lekòl
- K. *Superintendent* an ka ranvwaye yon elèv pou yon lane, epi mete elèv ki nan klas 6yèm rive nan klas 12yèm ane nan yon Sant pou ranvwa pandan yon peryòd pwolonje, ak opòtinite pou mande pou l tounen lekòl aprè 6 mwa
- L. *Superintendent* an ka ranvwaye yon elèv pou yon lane, epi mete elèv ki nan klas 6yèm rive nan klas 12yèm ane nan yon Sant pou ranvwa pandan yon peryòd pwolonje, a pa gen opòtinite pou mande pou l tounen lekòl pi bonè.
- M. Mete elèv la deyò nan sistèm lekòl leta nan vil Nouyòk la (sèlman pou elèv ki nan pwogram edikasyon jeneral ki pral gen 17 lane anvan kòmansman ane eskolè a, ki se 1ye jiyè)

Kalite mezi entèkansyon konseye pedagogik la ka paran apa mezi disiplinè yo, pou entèvni kòm sadwa

- Kontakte paran pou bay yo enfòmasyon pou ede yo
- Entèkansyon anplwaye ki bay konsèy
- Konferans avèk konseye pedagogik
- Konsèy pou yon gwoup oswa pou yon sèl moun
- Mediyasyon ant elèv *Peer Mediation*
- Pwogram *mentoring*
- Rezolisyon konfli
- Mizanplas kontra sou konpòtman endividyèl
- Rapò sou amelyorasyon konpòtman sou yon ti bout tan
- Referans ba Komite pèsonel pou elèv *Pupil Personnel Team (PPT)*
- Sèvis kominotè (avèk konsantman paran)
- Referans ba yon Òganizasyon ki chita nan kominote *Community Based Organization (CBO)*
- Referans ba anplwaye Biwo ki bay konsèy apwopriye pou moun k ap itilize dwòg
- Referans ba sèvis pou konseye jenn ki gen yon relasyon kote yo abize yo, oswa jenn ki viktim vyolans seksyèl
- Referans bay yon sèvis pou konseye poutèt maltretman, entimidasyon, arasman baze sou prejije

Èd pou elèv ki retounen lekòl apre ranvwa

Elèv ki retounen lekòl apre yo te ranvwaye yo dwe resevwa sèvis èd pou ranfòse konesans yo pou pèmèt yo satisfè nòm ofisyèl onivo sosyal e onivo akademik nan kominote lekòl la. Sèvis pou bay èd yo ka enkli nenpòt kalite mezi entèkansyon pou bay konsèy oswa plizyè sèvis ki adapte ak bezwen chak elèv.

Klas 6yèm-Klas 12yèm Ane NIVO 4 swit

Enfraksyon - Konpòtman danjre oswa vyolan

- B45 Okazyone pakèt risk domaj grav swa lè l gen konpòtan enpridan, swa lè l itilize bagay ki sanble kapab kòz domaj grav (tankou brikè, bouk sentiwon, oswa lonbrèl)
- B46 Swa gen yon konpòtman temerè ki ka koze blezi grav lè l sèvi ak yon bagay ki sanble kapab domaje moun tankou brikè, bouk sentiron, oswa lonbrèl)
- B47 Kòmansè mete dife yon kote
- B48 Ankouraje oswa provoke yon revòlt
- B49 *Posede oswa vann nenpòt ki zam ki nan Kategori II
- B50 Itilize sibstans ki sou kontwòl leta, oswa itilize dwòg oubyen alkòl oswa toude san otorizasyon
- B51 **Gen konpòtman Nivo 3 touttan (lè li posib epi lè li apwopriye, anplwaye lekòl yo dwe eseye pran mezi disiplinè nan Nivo 3 anvan yo aplike mezi disiplinè nan Nivo 4. Epitou, lè elèv la komèt enfraksyon Nivo 3 touttan yo pa kapab pran mezi disiplinè pi sevè pase mezi disiplinè Nivo 4) (G-J sèlman)

* Anvan pou yo mande ranvwaye yon elèv ki posede yon bagay ki make nan Kategori II lè se pa yon bagay ki fèt ekspres pou blese moun, tankou, yon lim pou zong, direktè a dwe konsidere si gen lòt rezon ki kòz elèv la pote l sou li. Lèfini, direktè a dwe konsidere si yon zam jwèt sanble anpil ak yon vre zam. Li dwe gade koulè zam la, gwosè li, fòm li, pwa li ak sa li sanble.

** Sa a aplikab sèlman pou enfraksyon B21-B33 nan Nivo 3, klas 6yèm-klas 12yèm ane.

Kalite mezi disiplinè yo ka pran

- G. Direktè a ka ranvwaye elèv la
- H. *Superintendent* an ka ranvwaye yon elèv men li ka pèmèt li retounen lekòl la touswit
- I. *Superintendent* an ka ranvwaye yon elèv pou yon peryòd pwolonje fiks de 6 a 10 jou lekòl
- J. *Superintendent* an ka ranvwaye yon elèv pou yon peryòd pwolonje 30 a 90 jou men ka deside fè elèv la tounen lekòl apre 30 oswa 60 jou lekòl
- K. *Superintendent* an ka ranvwaye yon elèv pou yon lane. Yo dwe mete elèv ki nan klas 6yèm rive klas 12yèm ane nan yon Sant pou ranvwa pandan yon peryòd pwolonje. epi revize dosye elèv la otomatikman pou fè l tounen lekòl la
- L. *Superintendent* an ka ranvwaye elèv la pou yon lane, epi deside pou elèv ki nan klas 6yèm rive nan klas 12yèm ane ale nan yon Sant pou ranvwa pandan yon peryòd pwolonje, san li pa gen opòtinite pou mande tounen lekòl la pi bonè.
- M. Yo ka mete elèv la deyò nan sistèm lekòl leta nan vil Nouyòk la (sèlman pou elèv ki nan pwogram edikasyon jeneral ki pral gen 17 lane anvan kòmansman ane eskolè a, ki se 1ye jiyè)

Kalite mezi entèvansyon konseye pedagojik la ka pran apa mezi disiplinè yo, pou entèvni kòm sadwa

- Kontakte paran pou bay yo enfòmasyon pou ede yo
 - Entèvansyon anplwaye ki bay konsèy
 - Konferans avèk konseye pedagojik
 - Konsèy pou yon gwoup oswa pou yon sèl moun
 - Mediyasyon ant elèv *Peer Mediation*
 - Pwogram *mentoring*
 - Rezolisyon konfli
 - Mizanplas kontra sou konpòtman endividyèl
 - Rapò sou amelyorasyon konpòtman sou yon ti bout tan
 - Referans ba Komite pèsònèl pou elèv *Pupil Personnel Team* (PPT)
 - Sèvis kominotè (avèk konsantman paran)
 - Referans ba yon Òganizasyon ki chita nan kominote *Community Based Organization* (CBO)
 - Referans ba anplwaye Biwo ki bay konsèy apwopriye pou moun k ap itilize dwòg
 - Referans ba sèvis pou konseye jenn ki gen yon relasyon kote yo abize yo, oswa jenn ki viktim vyolans seksyèl
 - Referans bay yon sèvis pou konseye poutèt maltretman, entimidasyon, arasman baze sou prejije
- Èd pou elèv ki retounen lekòl apre ranvwa**
Elèv ki retounen lekòl apre yo te ranvwaye yo dwe resevwa sèvis èd pou ranfòse konesans yo pou pèmèt yo satisfè nòm ofisyèl onivo sosyal e onivo akademik nan kominote lekòl la. Sèvis pou bay èd yo ka enkli nenpòt kalite mezi entèvansyon pou bay konsèy oswa plizyè sèvis ki adapte ak bezwen chak elèv.

Klas 6yèm-Klas 12yèm Ane NIVO 5

Enfraksyon - Konpòtman danjre oswa vyolan

- B52 Fè menas pou itilize oswa itilize fòs pou pran oswa eseye pran bagay ki pa pou ou
- B53 Itilize gwo fòs sou moun ki ap travay nan lekòl la oswa ajan sekirite lekòl la pou blese oswa eseye blese yo grav
- B54 Itilize gwo fòs kont elèv oswa lòt moun pou blese yo oswa eseye blese yo grav
- B55 Planifye, chofe oswa patisipe nan zak gwoup k ap fè vyolans
- B56 *Gen konpòtman menasan, danjre oswa vyolan ki gen pou wè ak gang
- B57 Agresyon seksyèl, egzige oswa fòse yon lòt moun pou fè sèks
- B58 Vann oswa distribye dwòg oswa lòt sibstans ilegal
- B59 Posede oswa vann tout kalite zam ki pa yon zam a fe, apa sa ki site nan Kategori I an
- B60 Sèvi ak nenpòt ki zam ki site nan Kategori II a pou menase oswa eseye blese moun k ap travay nan lekòl la, elèv oswa lòt moun
- B61 **Sèvi ak tout kalite zam ki pa yon zam a fe, tankou sa yo site nan Kategori I, pou menase oswa eseye blese moun k ap travay nan lekòl la, elèv yo, oswa lòt moun (L pou elèv ki pa fin fè ane eskolè ane yo vin gen 17 lane, M pou elèv ki nan pwogram Edikasyon jeneral ki fin fè ane eskolè yo vin gen 17 lane)
- B62 **Sèvi ak tout kalite zam ki pa yon zam a fe, tankou sa yo site nan Kategori I oswa II, pou blese moun k ap travay nan lekòl la, elèv yo, oswa lòt moun (L pou elèv ki pa fin fè ane eskolè ane yo vin gen 17 lane, M pou elèv ki nan pwogram Edikasyon jeneral ki fin fè ane eskolè ane yo vin gen 17 lane)
- B63 **Posede oswa sèvi ak yon zam a fe (Pinisyon L pou elèv ki pa fini ane eskolè ane yo vin gen 17 lane, Pinisyon M pou elèv Edikasyon jeneral ki fin fè ane eskolè ane yo vin gen 17 lane a)

* Lè anplwaye lekòl yo ap detèminen si yon konpòtman gen rapò ak gang, anplwaye lekòl yo dwe konsilte Depatman nan Biwo lekòl ki okipe Fòmasyon jennmoun ki fè pati Gang.

** Yo ka chanje mezi disiplinè sa a depann chak ka.

Kalite mezi disiplinè yo ka pran

- I. *Superintendent* an ka ranvwaye yon elèv pou yon peryòd kontinyèl fiks 6 a 10 jou lekòl
- J. *Superintendent* an ka ranvwaye yon elèv pou yon peryòd kontinyèl 30 a 90 jou, men ka deside fè elèv la tounen lekòl apre 30 oswa 60 jou lekòl
- K. *Superintendent* an ka ranvwaye yon elèv pou yon lane e deside pou yon elèv klas 6yèm jiska 12yèm ane ale nan yon Sant pou ranvwa pandan yon peryòd pwolonje, epi revize dosye elèv la otomatikman pou fè l tounen lekòl la apre 6 mwa
- L. *Superintendent* an ka ranvwaye yon elèv pou yon lane, epi mete yon elèv ki nan klas 6yèm rive nan klas 12yèm ane nan yon Sant pou ranvwa pandan yon peryòd pwolonje, san li pa gen opòtinite pou mande tounen lekòl la pi bonè.
- M. Mete elèv la deyò nan sistèm lekòl leta nan vil Nouyòk la (sèlman pou elèv ki nan pwogram edikasyon jeneral ki pral gen 17 lane anvan kòmansman ane eskolè a, ki se 1ye jiyè)

Kalite mezi entèkansyon konseye pedagogik la ka pran apa mezi disiplinè yo, pou entèkansyon kòm sadwa

- Kontakte paran pou bay yo enfòmasyon pou ede yo
- Entèkansyon anplwaye ki bay konsèy
- Konferans avèk konseye pedagogik
- Konsèy pou yon gwoup oswa pou yon sèl moun
- Mediyasyon ant elèv *Peer Mediation*
- Pwogram *mentoring*
- Rezolisyon konfli
- Mizanplas kontra sou konpòtman endividyèl
- Rapò sou amelyorasyon konpòtman sou yon ti bout tan
- Referans ba Komite pèsònèl pou elèv *Pupil Personnel Team* (PPT)
- Sèvis kominotè (avèk konsantman paran)
- Referans ba yon Òganizasyon ki chita nan kominote *Community Based Organization* (CBO)
- Referans ba anplwaye Biwo ki bay konsèy apwopriye pou moun k ap itilize dwòg
- Referans ba sèvis pou konseye jenn ki gen yon relasyon kote yo abize yo, oswa jenn ki viktim vyolans seksyèl
- Referans bay yon sèvis pou konseye poutèt maltretman, entimidasyon, arasman baze sou prejije

Èd pou elèv ki retounen lekòl apre ranvwa

Elèv ki retounen lekòl apre yo te ranvwaye yo dwe resewva sèvis èd pou ranfòse konesans yo pou pèmèt yo satisfè nòm ofisyèl onivo sosyal e onivo akademik nan kominote lekòl la. Sèvis pou bay èd yo ka enkli nenpòt kalite mezi entèkansyon pou bay konsèy oswa plizyè sèvis ki adapte ak bezwen chak elèv.

Z A M Y O E N T È D I

Zam yo entèdi - Kategori I

- Zam, tankou pistolè, revolvè, silansye, zam elektwonik ak zam ki toudi moun pa sipriz;
- Fizi de kou, fizi, mitrayèt oswa lòt zam yo ka itilize pou fente moun oubyen yo kapab sèvi kòm yon mitrayèt;
- Karabin ak lè konprime, karabin ak resò, oswa lòt zouti oswa zam ki gen anndan l yon kourandè oswa resò pou pèmèt li fonksyone, ak nenpòt zam kote yo kapab chaje bon jan katouch oswa fo katouch (tankou sa yo rele “*BB gun lan*” oswa *paintball gun*)
- Kanif, javlo balistik ak bayonèt ak “*cane sword*” (yon baton ki ka kache yon kouto oswa yon epe)
- Ponya, fwenn, razwa, kouto pou tout kalite lizaj, kanif pou louvri gwo bwat, kouto kwizin ak tout lòt kouto
- Matrak, “*blackjack*”, gouden, “*chucka stick*”, fo pwen
- Sak sab ak “*sandclub*”
- Fistibal (piti, pwa lou ki tache ak yon mòso kawotchou oubyen ke yo itilize pou tire) ak lans wòch
- Zouti yo itilize nan Lèza masyal, tankou zetwal *kung fu*, manchako “*nunchucks*” ak “*shirkens*”;
- Eksplozif, tankou bonm, peta ak kanon

Zam yo entèdi - Kategori II

- Asid oswa pwodwi chimik danjre ki ka touye moun
- *Revolvè jwèt oswa lòt zam jwèt
- Fo bal oswa vre bal ak lòt minisyon
- Plim pou toudi oswa lòt zam pou toudi
- Flèch reyon lazè
- Nenpòt ki bagay danjre, pwenti oswa mòtèl ou ka sèvi kòm zam oswa ki reprezante yon zam (tankou sizo, lim pou zong, mòso vè ki kraze, chenn, fil fè)

* Anvan pou yo mande ranvwaye yon elèv ki posede yon bagay ki make nan Kategori II lè se pa yon bagay ki fèt eksprès pou blese moun, tankou, yon lim pou zong, direktè a dwe konsidere si gen lòt rezon ki fè elèv la pote l sou li. Lèfini, direktè a dwe konsidere si yon zam jwèt sanble anpil ak yon vre zam. Li dwe gade koulè zam la, gwosè li, fòm li, pwa li ak sa li sanble.

MEZI DISIPLINÈ

Yo dwe aplike mezi disiplinè sa yo dwe aplike yo selon tout dispozisyon ki gen pou wè ak pwosedi nan Règleman Chanselye A-443.

POU YON PWOFESE METE YON ELÈV DEYÒ NAN KLAS LI

Lè yon elèv deranje seryezman pwosesis edikasyon oswa lè li pa respekte otorite pwofesè a nan klas la, pwofesè a ka mete li deyò nan klas li pou 1 a 4 jou.

Y ap voye elèv yo mete deyò yo nan yon lekòl pou bay yo sèvis edikasyon regilyèman ak devwa pou fè nan klas ak lakay yo.

Lè yon pwofesè mete yon elèv deyò nan nenpòt ki klas twa (3) fwa nan yon semès oswa de (2) fwa nan yon trimès, yo dwe mande direktè lekòl la pou ranvwaye elèv la si l vin konpòte mal yon lòt fwa ki ta kòz pou yon pwofesè mete li deyò.

POU YON DIREKTÈ RANVWAYE YON ELÈV

Yon direktè gen otorite pou ranvwaye yon elèv pou 1 a 5 jou lè konpòtman elèv la reprezante yon danje sèten e aktyèl pou elèv la limenm, pou lòt elèv oswa pou anplwaye lekòl la, oswa lè l anpeche aktivite klas yo oswa lòt aktivite lekòl yo fonksyone nan lòd.

Yo dwe bay elèv yo ranvwaye yo , chanje mwayen enstriksyon, pa egzanp bay yo fè devwa ak travay yo ta gen pou fè nan klas ak lakay yo.

POU YON *SUPERINTENDENT* DESIDE RANVWAYE YON ELÈV

Lè se yon *Superintendent* rejyonal ki ranvwaye yon elèv, ranvwa a ka dire plis pase 5 jou. Yon elèv *Superintendent* an ranvwaye dwe gen posiblite pou li mande yon chita tandè. Lè sa a elèv la ap gen posiblite pou li montre prèv e prezante temwen li genyen anfavè li, epi pou li kesyone temwen lekòl la yo. Si lekòl la pwouve akizasyon yo genyen kont elèv la, Direktè anchèf Biwo pou Devlopman lekòl ak Fòmasyon jennmoun lan oswa yon lòt moun Chanselye a deziyen oswa *Superintendent* kominotè a ka pran youn nan desizyon sila yo :

- **FÈ ELÈV LA TOUNEN NAN LEKÒL LA TOUSWIT**

Direktè anchèf Biwo pou Devlopman lekòl ak Fòmasyon jennmoun oswa moun Chanselye a deziyen, oubyen *Superintendent* kominotè a ka fè elèv la tounen nan lekòl ki te ranvwaye l la touswit apre desizyon yo te pran pou ranvwaye l la.

- **PWOLONJE TAN RANVWA POU YON PERYÒD FIKS 6 a 10 jou lekòl LEKÒL**

Direktè anchèf Biwo pou Devlopman lekòl ak Fòmasyon jennmoun oswa lòt moun Chanselye a deziyen an, oubyen *Superintendent* kominotè a ka pwolonje tan li ranvwaye yon elèv nan lekòl pou yon peryòd fiks de 6 a 10 jou lekòl. Pandan tan sa a, yo pral bay elèv la lòt mwayen aprantisaj nan yon kote ki ka andeyò *building* lekòl la. Lè peryòd ranvwa a fini elèv la dwe retounen nan lekòl li te ye anvan an.

- **PWOLONJE TAN RANVWA POU YON PERYÒD 30 A 90 JOU LEKÒL, EPI REVIZE DOSYE ELÈV LA OTOMATIKMAN APRE 30 OSWA 60 JOU LEKÒL POU PÈMÈT LI RETOUNEN LEKÒL PI BONÈ**

Direktè anchèf Biwo pou Devlopman lekòl ak Fòmasyon jennmoun oswa yon lòt moun Chanselye a deziyen an oswa *Superintendent* kominotè a ka bay lòd pou ranvwaye yon elèv pandan yon peryòd 30 a 90 jou lekòl, epi plase elèv la yon kote pou resevwa lòt mwayen ansèyman, epi revize dosye elèv la apre 30 oswa 60 jou lekòl pou pèmèt elèv la retounen lekòl pi bonè, nan ka ranvwa ki dire plis pase 30 jou. Lè y ap detèmine dat pou elèv la tounen lekòl, Direktè anchèf Biwo pou Devlopman lekòl ak Fòmasyon jennmoun oswa yon lòt moun *Superintendent* an nonmen oswa *Superintendent* kominotè a dwe, si l posib, konsidere almanak lekòl la pou asire elèv la kontinye swiv yon pwogram ansèyman. Si yo pa pèmèt elèv la tounen lekòl la pi bonè, l ap rete nan kote yo voye l swiv kou tanporèman pou rès bout tan ranvwa a ap dire a. Lè peryòd ranvwa a fini, yo dwe admèt elèv la nan lekòl ki te ranvwaye l la.

- **RANVWAYE ELÈV LA POU YON LANE EPI METE ELÈV SA YO KI NAN KLAS 6YÈM RIVE NAN KLAS 12YÈM ANE NAN YON SANT POU RANVWA PANDAN YON PERYÒD PWOLONJE, EPI ELÈV NAN KLAS JADENDANFAN RIVE NAN KLAS 5YÈM ANE YO NAN YON PWOGAM POU YO RESEVWA Lòt Mwayen Enstriksyon, EPI REVIZE DOSYE ELÈV LA OTOMATIKMAN POU LI TOUNEN LEKÒL LA PI BONÈ**

Direktè anchèf Biwo pou Devlopman lekòl ak Fòmasyon jennmoun oswa yon lòt moun Chanselye a deziyen oswa *Superintendent* kominotè a ka bay lòd pou ranvwaye yon elèv pou yon lane epi plase elèv la nan yon Sant pou ranvwa pandan yon peryòd pwolonje oswa nan yon lòt pwogram, epi pou yo revize dosye li otomatikman pou yo fè l tounen nan lekòl li te ye a pi bonè apre 6 mwa.

Si yo pa pèmèt elèv la tounen lekòl li te ye a pi bonè, elèv la pral rete nan SOS la, oswa nan lòt pwogram enstriksyon an pou rès tan ranvwa a, epi nan fen peryòd ranvwa a, y ap admèt li ankò nan menm lekòl ki te ranvwaye l la.

- **RANVWAYE ELÈV LA POU YON LANE, EPI METE ELÈV SA YO KI NAN KLAS 6YÈM ANE JISKA KLAS 12YÈM ANE NAN YON YON SANT POU RANVWA PANDAN YON PERYÒD PWOLONJE, EPI ELÈV KI NAN JADENDANFAN JISKA KLAS 5YÈM ANE NAN YON LÒT PWOGAM, SAN POSIBLITE MANDE YO PÈMÈT YO TOUNEN LEKÒL YO TE YE A PI BONÈ.**

Direktè anchèf Biwo pou Devlopman lekòl ak Fòmasyon jennmoun oswa lòt moun Chanselye a deziyen an, oubyen *Superintendent* kominotè a ka ranvwaye yon elèv pou yon lane san posiblite pou li mande yo pèmèt li tounen lekòl li te ye a pi bonè. Yo dwe plase elèv nan Klas Jadendanfan jiska Klas 5yèm ane yo nan yon lòt pwogram enstriksyon pou ane a. Yo dwe plase elèv nan Klas 6yèm ane jiska Klas 12yèm ane nan yon Sant pou ranvwa pandan yon peryòd pwolonje. Nan fen peryòd yon lane a, y ap admèt elèv la ankò nan lekòl ki te ranvwaye l la.

- **METE ELÈV LA DEYÒ NAN LEKÒL LA (SÈLMAN SI ELÈV LA NAN PWOGAM EDIKASYON JENERAL, EPI GEN 17 LANE ANVAN KÒMANSMAN ANE ESKOLÈ A KI SE 1YE JIYÈ)**

Direktè anchèf Biwo pou Devlopman lekòl ak Fòmasyon jennmoun oswa yon lòt moun Chanselye a deziyen oswa *Superintendent* kominotè a ka mete yon elèv deyò nan sistèm Lekòl leta nan vil Nouyòk la sèlman si elèv la se yon elèv ki nan pwogram Edikasyon jeneral, epi si l gen 17 lane anvan kòmansman ane eskolè a.

OPSYON TRANSFÈ

Direktè anchèf Biwo pou Devlopman lekòl e pou Fòmasyon jennmoun oswa yon lòt moun Chanselye a deziyen ka transfere yon elèv nan yon lòt lekòl si paran an dakò.

Nenpòt ki lè nan pwosesis ranvwa a, epi menmsi pa gen ranvwa, si yon direktè kwè li pa p bon pou yon elèv nan pwogram Edikasyon jeneral pou l retounen nan lekòl ki te ranvwa l la poutèt li gen pwoblèm pou aprann oswa pwoblèm konpòtman, epi elèv la ka benefisye de yon transfè oswa pou l resevwa yon bon edikasyon yon lòt kote, direktè a ka kòmanse yon pwosesis pou transfè envolontè. Gade Règleman A-450 Chanselye a.

Nenpòt ki lè nan pwosesis ranvwa a, si direktè a kwè li pa p bon pou yon elèv ki gen yon andikap retounen nan lekòl li te ye a, direktè a ka kòmanse refere l ba CSE a pou l ka fè yon reyinyon pou deside plasman elèv la nan yon pwogram. Si w bezwen enfòmasyon osijè Transfè pou sekirite, al gade Règleman A-449 Chanselye a.